Мусуков А. ТІ. хуэзащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Экологиемрэ дыкъэзыцъуреихь дунейр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщым и къуэдзэ Панов В. А.

КъБР-м и Премьер-министр Мусуков А. ТІ. Правительствэм и Унэм щы-хуэзащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Экологиемрэ дыкъэзыцъуреихь дунейр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщым и къуэдзэ Панов В. А.

ЗЭЩІІЭМ щытепсэлъыхьащ «Къалэ мыинхэм я паркхэр» «Урысей зэкъуэтым» и парт проектыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыгъэзэщІэным пыщІа Іэхуэхэм. Ди республикэр хагъэхьащ цІыхуэм эмщагъэпсэху щІыпІэхэр зэІуэзэпщ ящым папщІэ федеральнэ субсидиехэр зыхуаутІыпщыну щІыналъэхэм. КъБР-м кІыІэрыхьэну ахъшэр трагъэкІуэдэну я мурадщ Тэрч, Тырныауз, Прохладнэ, Баксэн къалэхэм я жылагъуэ зыгъэпсэхупІэхэм зегъэужьыным.

Зэ Іущ Ім апхуэдзу къыщІэтащ щІыналъэхэм экологиер щыхъумэным, кІэрыхубжьэрыхуэхэмрэ пхъэнкІийм рэ зэхуэхьэсыныкІэ щІыналъэ программэ зэхэлъхьэным.

Зэ Іущ Ім хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым кІыбгъэдэкІыу Къэрал Думэм и депутату хаха Марьяш И. Е.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Зэлэжьынухэр яубзыху

● ЗэІущІэхэр

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым КъБР-м щиІэ къудамэм и Чэнджэщ-кІуэ советым и зэІущІэ дыгъуасэ екІуэ-кІащ. Абы щытепсэлъыхьащ партыр нэхъ тегъэщІауэ зэлэжьыну зытрахуху Іуэхугъуэиплыр зэрагъэзащІэ щІыкІэм.

ЗЭЩІІЭМ хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналь нэ хозяйствэмкІэ и министрым и чэнджэщэгъу Бэлагъы Борис, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэ, нэгъуэщІхэри. Зэ Іущ Ір къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ партым и къудамэм и унафэщым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим.

Лэжьыгъэр здынэсам щытепсэлъыхьым, Марьяш къыхигъэщащ «Къалэ паркхэр», «Къалэ щІыуэпс» «Щэнхабзэм и унэ», «Къалэ театрхэр» зыфІаща Іуэхуэхэр цІыхубзм я жэрдэмэу зэрыщытыр.

- Ди паркхэм, къалэ уэрамхэм, щэнхабзэм и унэхэмрэ театрхэмрэ гулытэ зэрахуэдмыщІыфым, абы мылъку зэрыхухамыхым къыхэкІыу, фэншэ зэрыхъуар цІыхуэхм ягу кІуэурти, партым къыхилъхьащ дызытепсэлъыхь Іуэхугъуэхэр. Мыбы теухуауэ мызэ-мытІэу дызэхыхьащ, ауэ Іуэхур зэрыкІуатэр, зэфІэдгъэкІамрэ къытпэщылъымрэ цІыхум ящІэн хуейщ. ИпэІуэкІэ къызэрыхэдгъэщащи, дызытепсэлъыхь Іуэхум сом мелуан 500 къэралым щытрагъэкІуэдэнущ. Абы щыщу процент 92-р къэрал мылъкущ, къэнэжьыр щІыналъэхэм я бюджетхэм къыхахынущ. Ар мащІэкъым, икІи сомыр зытекІуадэмрэ здэкІуэмрэ цІыхуэхэм ящІапхъэщ. КъищынэмыщІауэ, мэкъуауэгъуэм и 1 пщІондэ тхыльымпІэ Іуэхуэхэр зэфІэгъэкІыпхъэщ, мэкъуауэгъуэм и 1-м лэжьыгъэхэр яублэн хуэдэу, - жиІащ абы.

Зэ Іущ Ім щыжиІащ Іуэхум жылагъуэр, студентхэр къызэрыкІащэнэр, ди цІыхуэхэр зыхуэныкъуэр, абыхэм Іу зыльатэ ныкъуэ саныгъэхэр жаІамэ, хуабжьу сэбэн зэрыхъунур.

ФЫРЭ Анфисэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» кхъухьыр зэрызэрахьэмрэ и къабзэлъабзагъэмкІэ Балтикэм щынэхъыфІхэм ящыщ

Балтикэ тенджыз флотым къыщащцытэжащ кхъухьхэр зыхуей хуэзэу зехьэныкІэ конкурсым къриклуахэр. Іыхьиплу гуэшауэ екІуэкІа а зэпеуэм хэта кхъухь 50-м щыщу «Къэбэрдей-Балъкъэр» кхъухьыр нэхьыфІу щым хабжащ.

АПХУЭДЭУ ар Урысейм и Тенджыз флотым и кхъухь нэхъыфІ дыдэщ штурмэн лэжьыгъэмкІэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» кхъухьым псыщІагъырыкІуэ кхъухьхэм ягъэщІэтыным зэрызэрахьэзырымкІэ УФ-м и Тенджыз флотым и главнокомандующэм и кубокыр тхуэнейрэ къыхуагъэфэщащ.

Псыщ Іагъ ырыкІуэ кхъухьхэм ягъэщІэтыным хуэщІа «227» кхъухьым «Къэбэрдей-Балъкъэр» цІэр зэрыфІащам теухуа гуфІэгъэ зэхьихьэр Балтийск къалэм 2015 гъэм накъыгъэм и 25-м щекІуэкІауэ щытащ. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэр, Калининград областым и губернаторыр, флотым и унафэщІэмрэ абы къулыкъу щызыщІэхэмрэ.

Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкі Іэ и министерствэм Балтикэр информацэкі Іэ къызэгъэпэщынымкі Іэ и къудамэм къита тхыгъэхэм ялкъ иткі Іэ.

Къэрал мылъкум щІэупщІэшхуэ иІэкъым

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу депутатхэр едэІущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щІыныр 2016 гъэм зэрекІуэкІам теухуауэ республикэм щІымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэмкі Іэ и министр Іуэщхьэр Тимур къыпсэлъам.

ДОКЛАДЫМ къыззрыхэщамкІэ, нэгъабэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ІэщІэлъащ къэрал предприятэу 13. Апхуэдэу республикэм и акцэхэр акционер зэгуфхэныгъэу 35-м хэлъащ, абы кІыдэкІуэу къэралыр Іыхьэгъуэу хэтащ жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгуфхэныгъэу щым.

БлэкІа илъэсым къэрал мылъкум щищу акцэ гупу 9, жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгуфхэныгъэхэм ящащ зым и устав мылъкум хиубыдэ Іыхьэр, ямыгъэІэпхъэу мылъкуу 18, уней ящІыну, къэрал предприятэхэм ящащ зым и акцэ пСори ящэну я мурадащ.

Къэрал мылъкур приватизацэ зэращІам къыпэкІуэу 2016 гъэм республикэ бюджетым сом мелуан 652-рэ кІыІэрыхьэну щыгугъащ. КъызэрабжамкІэ, апхуэдиз ахъшэр къыщІэкІын хуейт акционер зэгуфхэныгъэхэм я устав мылъкум къэралым и акцэу хэлъхэм (сом мелуан 500), псэуалъэхэм, ямыгъэІэпхъуэ мылъкум (сом мелуани 152-рэ).

КъБР-м ЩІымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхэмкі Іэ и министерствэм 2016 гъэм ямыгъэІэпхъуэ мылъкум щищу 3 ищащ икІи абы къыщІэкІауэ сом мелуани 131-рэ республикэ бюджетым къыІэрыхьащ.

Адрей акционер зэгуфхэныгъэхэм я устав мылъкум хиубыдэ акцэхэм щІэупщІэ лъэпкъ яІакъым. Араш къэрал мылъкур щэным къыпэкІуэу республикэ бюджетым ахъшэу къыІэрыхьар зыщыгугъам щищу процент 20-м куэдкІэ щІыщІимыгъур.

Докладым и кІэухым екІуэкІа псалъэмакъым хиубыдэу КъБР-м и Парламентым Экономикэмкі Іэ, инвестицэхэмкі Іэ, хьэрычэт Іуэхумкі Іэ и комитетым и унафэщІ Іэпщэ Заур щІэупщІащ къэралым Іэщ Іэлъ унэ щхьэхуэхэр сату зэпеуэхэм щащэну къыщІыхьамылъхьам и щхьэусыгъуэм. Іэщхъун Тимур абы и жэуапу дэтхэнэ унэми и щытыкІэм тепсэлъыхьащ икІи абыхэм я уасэхэр тэмэму ягъэува нэжь ящну зэрамурадыр жиІащ.

Апхуэдэу депутатхэм ящищ зыбжанэм къыхагъэщащ яныкъуэ акцэ гупхэр илъэс зыбжанэ лъандэрэ зэрахуэмыщэр, дызэрыт илъэсым приватизацэ ящІынухэм хагъэхьа яныкъуэ мылъку лІэужьыгъуэхэр щэным кІырикІуэнкІэ хъуну кьалъытэхэр. Доклад зыщІам зэпхърыхауэ кІыгъэлъэгъуащ зи гугъу ящІа дэтхэнэ ухуэныгъэмэ акцэми я щытыкІэмэ ахэр пхыгъэкІыныкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэмрэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ къыхигъэщхьэхуКІащ къэрал мылъкур приватизацэ щІынымкІэ яубзыху планхэр гъэ къэс нэхъ тэмэму зэрагъэзащІэр, апхуэдэу щыт пэтми, къэрал мылъкум щІэупщІэшхуэ зэримыІэр. Абы къигъэлъэгъуащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм нэгъабэ мы Іуэхур къыщІэтауэ икІи къэрал мылъкур приватизацэ щІыным нэхъ егупсысауэ зэрыбгъэдыхьэхпхъэр щыжиІауэ зэрыщытар.

Зытепсэлъыхьа Іуэхум екъэлІауэ депутатхэм къащтащ Іэнатіэ щхьэхуэхэм яхуэгъэзэа чэнджэщэр.

Парламентым и Президиумым и зэІущІэм апхуэдэу щыхэплъащ «ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 31-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэкі Іэ», «2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхуэкі Іэ» КъБР-м и законэм я проектхэм. Апхуэдэу депутатхэр тепсэлъыхьащ федеральнэ законэм я проектхэр къаззрыщІхъуам теухуауэ УФ-м и нэгъуэщІ субъектхэм я парламентархэм къагъэхьа тхыгъэхэм.

Зэ Іущ Ім и кІэухым депутатхэм унафэ къащтащ Бэрэгъун Арсен - зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ Іэкі Іэ Зэщ Іэуэзда къаруху м, хабзэхъуэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Дзэлыкъуэ район советым и тхьэмадэм, Къанкъул Хьэчим - Псыгуэнсу къуажэм и Іэтащхьэм, Похилько Аннэ - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм транспортымкІэ, связымкІэ, псэупІэ-коммуналь нэ хозяйствэмкІэ и управленэм и Іэщ Іагъэлі нэхъыщхьэм, Уянаев Азрэт - Къэщкъэтау къалэ жылагъуэм и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм, Мизиевэ Заремэ - КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «Кардиологие центр» къэрал сымаджэщ Іуэхущ Іапі Іэм и япэ кардиологие къудамэм и унафэщІым, дохутырым-кардиологым КъБР-м и Парламентым и Щ Іыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Зэлэжьынухэр яубзыху

● ЗэІущІэхэр

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым КъБР-м щиІэ къудамэм и Чэнджэщ-кІуэ советым и зэІущІэ дыгъуасэ екІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ партыр нэхъ тегъэщІауэ зэлэжьыну зытрахуху Іуэхугъуэиплыр зэрагъэзащІэ щІыкІэм.

ЗЭЩІІЭМ хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналь нэ хозяйствэмкІэ и министрым и чэнджэщэгъу Бэлагъы Борис, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэ, нэгъуэщІхэри. Зэ Іущ Ір къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ партым и къудамэм и унафэщым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим.

Лэжьыгъэр здынэсам щытепсэлъыхьым, Марьяш къыхигъэщащ «Къалэ паркхэр», «Къалэ щІыуэпс» «Щэнхабзэм и унэ», «Къалэ театрхэр» зыфІаща Іуэхуэхэр цІыхубзм я жэрдэмэу зэрыщытыр.

- Ди паркхэм, къалэ уэрамхэм, щэнхабзэм и унэхэмрэ театрхэмрэ гулытэ зэрахуэдмыщІыфым, абы мылъку зэрыхухамыхым къыхэкІыу, фэншэ зэрыхъуар цІыхуэхэм ягу кІуэурти, партым къыхилъхьащ дызытепсэлъыхь Іуэхугъуэхэр. Мыбы теухуауэ мызэ-мытІэу дызэхыхьащ, ауэ Іуэхур зэрыкІуатэр, зэфІэдгъэкІамрэ къытпэщылъымрэ цІыхум ящІэн хуейщ. ИпэІуэкІэ къыззрыхэдгъэщащи, дызытепсэлъыхь Іуэхум сом мелуан 500 къэралым щытрагъэкІуэдэнущ. Абы щыщу процент 92-р къэрал мылъкущ, къэнэжьыр щІыналъэхэм я бюджетхэм къыхахынущ. Ар мащІэкъым, икІи сомыр зытекІуадэмрэ здэкІуэмрэ цІыхуэхэм ящІапхъэщ. КъищынэмыщІауэ, мэкъуауэгъуэм и 1 пщІондэ тхыльымпІэ Іуэхуэхэр зэфІэгъэкІыпхъэщ, мэкъуауэгъуэм и 1-м лэжьыгъэхэр яублэн хуэдэу, - жиІащ абы.

Зэ Іущ Ім щыжиІащ Іуэхум жылагъуэр, студентхэр къызэрыкІащэнэр, ди цІыхуэхэр зыхуэныкъуэр, абыхэм Іу зыльатэ ныкъуэ саныгъэхэр жаІамэ, хуабжьу сэбэн зэрыхъунур.

ФЫРЭ Анфисэ.

«ТекІуэныгъэм и щиху» зэщІэхъееныгъэр ди къалащхьэм щрагъажьэ

Урысейм и телекоммуникацэ оператор нэхъыщхьэу плІым ящыщ МТС-м и жэрдэмкІэ ирагъэжьа «ТекІуэныгъэм и щиху» зэщІэхъееныгъэм, къэралым и къалэу 17-м зыщызыубгъуам, мэлыжьыхьым и 26-м хыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэри.

МЫ ІУЭХУР щрагъэжьащ Волгоград къалэм. Абы щыІэщ илъэси 100 зи ныбжь щиху жыг цІэрыІуэр, Хэку зауэшхуэм и зэманым зэтракъута къалэм къыщына жыг закъуэр. Ар къэралым и цІыхуэхэм я хахуагъэмрэ лыгъэмрэ я дамыгъэу уваща.

Ди республикэм и къалащхьэм щиху жыгыщІэ щыхасащ «ЩІыхьым и мафІэ мыужьыхьж» мемориалым пэмыжьыжьу. Абы теухуа дауэдапщэм къриІыхьэІащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Алэ-къэй Арсен, МТС-м и къудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІхэр, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, щІалэгъуалэ зэгуфхэныгъэхэм я лЫкІуэхэр.

ТекІуэныгъэм и щиху жыгыщІэр къызэхуэсахэм я цІэкІэ хасащ къалэм и ветеранхэм я тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфа, Сталинград щекІуэкІа зауэшхуэм хэта Герасименкэ Нинэ, МТС-м и Іуэхущ Іапі Іэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Залиханов Ельдар сымэ.

Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Мэкъуауэ Мурат урысейпсо зэпеуэр къыпоплъэ

● Хъыбар гуапэ

Урысей МВД-м и следователхэр я Іэщ Іагъэм зэрыкъуэІуэзэм теухуа зэпеуэм и республикэ Іыхьэр мэлыжьыхьым и 17-20-хэм екІуэкІащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хыхьэрт следователыр нормативправовой актэм, и лэжьыгъэм епхауэ ищІапхъэм зэрыщыгъуазэр, бэнэкІэмрэ Іэщ Іэмрэ зэрыхуэІэкІуэлъакІуэр.

Зэхьэзэхуэм кърикІуамкІэ следователь нэхъыфІу къалъытащ Урысей МВД-м и «Арун» къудамэм следствэмкІэ и Іэнатіэм и следователь нэхъыжь Мэкъуауэ Мурат. Абы зэфІэкІ къигъэлъэгъуащ икІи и хьэрхуэрэгъуэм фІыуэ япэ ищри, бжьыпэр иубыдащ.

Мэкъуауэ Мурат Хьэжысмел и къуэм Урысей МВД-м и университету Санкт-Петербург дэтыр къиухащ, къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ Іэнатіэм 1997 гъэ лъандэрэ щолажьэ. ЕджапІэр къиуха нэужь офицер щІалэм лэжьэн щыщІидзащ милицэм и участковэ уполномоченнэхэм я къудамэм. 2011 гъэ лъандэрэ следователу мэлажьэ.

Мурат иужьрей илъэситІым зэкІэлъыкІуэу «Следователь нэхъыдФІ» цІэр къызэрыхуагъэфэщам къеГъэлъагъуэ ар и Іэщ Іагъэм зэрыхуэпэжыр.

Следователь лэжьыгъэр жэуапльныгъэ зэпылъащ, зэманышхуэ зытекІуадэщ, ауэ Мурат и унагъуэм теубгъуащ, спортри Іэщ Іыб ищІыркъым.

Майорыр нэгъуэщІ Іуэхуми дехьэх. Мурат къиухащ удз гъэгъахэр хасащ, къэухьхэр къагъэщІэрэщІэж, абдежым щыкІ уэздыгъейхэм я лъабжьэхэр ягъэкъабзэ.

Мы Іуэхум щыпащащ Аруан къуажэм и дыхьэпІэми: зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъ бжьэпэм лъагэу тетым и хъуреягъкІэ щыІа мэз цІыр-хъыр ирахащ, теплъэ дахэ зиІэ жыг уардхэм фІэкІа кърамынэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№76 (23.484) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 27, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЗэІуэпэщ ящІынущ

● Парт лэжьыгъэ

«Урысей зэкъуэт» партым и депутат гупхэр иужь ихьащ къэлэм и теплъэр егъэфІэкІуэным, псом хуэмыдэжу къат куэду зэтет унэхэм я бжэІупэхэр къэзыщІэрэщІэным теухуа «Иджырей къалэ» программэр гъэззщІэным.

МЫ МАХУЭ зэкІэлъыкІуэхэм ахэр яІуащІащ Мовсисян, Ватутиным, Ашуровым я уэрамхэм, Прохладнэ шоссем тет унэхэм щыпсэухэм. Абыхэм гурагъэІуащ программэм ухыхьэн папщІэ пщІэн хуейр. Депутатхэм цІыхухэм я упщІэ куэдым жэуап ираташ, едэІуащ абыхэм къыхалъхьа Іуэхуэхэм. Къапщтэмэ, ящыныкъуэхэм къыхалъхьащ иджырей пхъэнкІий идзыпІэхэм я пІэкІэ щыщІагъ контейнерхэр гъэувын хуейуэ. Апхуэдэу тепсэлъыхьащ сабий джэгупІэхэр ухуэным.

Іуэхур зэрырагъэжьам хуэдэу екІуэкІмэ, программэщІэм и фІыгъэкІэ Налшык и щІыпІэу 80-м нэс ягъэдэхэнущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Накъыгъэм зыхуагъэхьэзыр

● ЩІыуэпс

Налшык и «Дубки» къыдэлъэдапІэм хуэзэ гъуэгубгъуэхэр зэщІагъэкъэбзащ.

ЗЭМАН ипэкІэ гъавэ щІапІэу къагъэсэбэпа щІыпІэм и хъуреягъым жыг къуацэ лъахъшэхэр щыгъунэжт. Нэгъабэ лъандэрэ ахэр щІадзауэ хэмэ-хуэмурэ ирагъэкъабзыкІ, абы хуэзэ гъуэгу Іуфэхэр зэтес ящІ.

«Дубки» бэзэр дыхьэпІэм щІэуэ къыщызэІуха сату щІапІэхэм я деж къыщыщІэдзауэ метр 200-м нэблагъэкІэ кІуэцІрыкІ лъэс зекІуапІэр иджы удзыпцІэшхуэщ, кІей закъуэтакъуэ ящранахэми щыпІэр ягъэдахэ. Мы махуэхэм абыхэм сэкъ тракІэнущ.

Накъыгъэм и 1-р къэмысу апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ къалэ къыдыхьэпІэр зыгъэдахэ «Нал къутам» и Іэгъуэблагъэхэми: зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъ бжьэпэм лъагэу тетым и хъуреягъкІэ щыІа мэз цІыр-хъыр ирахащ, теплъэ дахэ зиІэ жыг уардхэм фІэкІа кърамынэу.

КъБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі Іэ щыІэ министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

ЗэфIагъэкIахэмрэ къапэщытхэмрэ

● Зэлущ1эхэр

Ведомствэхэм эдэай лэжьакIуэ гупхэм я зэIущIэ Правительствэм и IуэхущIапIэ Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м «ПIалъэ кIыхьым тещIыхьа къэрал экономикэ политикэм и IуэхукIэ къыдигъэкIа Указ №596-мрэ «Къэрал управленэм и уху зкIэр зэрыраГъэфIэкIуэнум и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» къыдигъэкIа Указ №601-мрэ КъБР-м 2017 гъэм и апэ кварталым зэрыщагъэззэщIам кърикIуахэм теухуауэ.

ЗэIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и къэрал чэнджэщзэгъу Бозий Натбий, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ - КъБР-м мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министр Говоров Сергей, КъБР-м и Iэтащ1ым и чэнджэщзэгъу Уянаевэ Аминат, экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министр Рахаев Борис, апхуэдизу республикэм и гъэззэщIакIуэ властым и органхэм я унафэщIхэр, кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащ1ым.

«ПIалъэ кIыхьым тещIыхьа къэрал экономикэ политикэм и IуэхукIэ» Указ №596-м щыубзыхуа кьалэн нэхъыщхьэхэр гъэззэщIэным ди республикэр зэрыпэлъэщыщым теухуауэ доклад ищIащ КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис.

Министрым кьыхигъэщхьэхукIащ КъБР-м и Правительствэм щагъэззэщIэну я мурад инвестицэ проект нэхъ инхэр зыщызэрыхахар. Абыхьэм къызэщIаубыдэ промышленностыр, энергетикэр, транспортыр, агропромышленнэ комплексыр, туризмэр, псэупIэ хозяйствэр. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Этана» промышленнэ комплексыр зыщызэрагъэпэщыр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тырныаузэ щIыпIэм вольфрам-молибден рудаэхэр къыщыщIахыным икIи щелэжьыным щыщIэзэжьныр;

«Налшыкгидрометаллург» заводыр щIыпIэщIэм гъэIэпхъуэныр. Дунейпсо пщIалъэ нэхъыфIхэм къапимыкIуэт икIи щIэныгъэр и лъабжьэу ягъэхьэзыр продукцэ къыщIэгъэкIыныр;

Иджырей щIэныгъэм и къэхутэныгъэхэм апкъ иткIэ, кьагупсыса конус-бзий томограф гъэувныр;

Иджырей дыдэ шприцхэр къыщIэгъэкIыныр...

«Къэрал управленэм и уху кIэр зэрыраГъэфIэкIуэнум и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Указ №601-р ягъэззащIэкIэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2017 гъэм и апэ кварталым щыраГъэкIуэна IуэхущIапIэхэм я IуэхукIэ» Указ №601-р ягъэззащIэкIэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2017 гъэм и апэ кварталым щыраГъэкIуэна IуэхущIапIэхэм я IуэхукIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьыныкIэ федеральнэ корпорацэм и IуэхутхьэбзэкIэр 1017-м щIегъу.

Апхуэдизу цIыхухэм къагъэсэбэп интернетым, КъБР-м и къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэмрэ къабгъэдэкI хъыбархэр. Аха р щыгъуазэ мэхъу къэрал къулыкIухэм ягъэуэвынуэр кIыщIыхьхэ зэпеуэхэр нахуэу икIи псори зэпэлъытауэ зэрыраГъэкIуэкIым. Мыбдеж кьыщагъэсэбэп информацэ-телекоммуникацэ сетхэмкIэ экзаменхэр кьыззэрыIах щIыкIэр. Апхуэдизу зэIухащ къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я деж щIыз жыларагъэ советхэр кьыззэрызэрагъэпэщ щIыкIэр. Зи гуГу тщIа Iуэху псори кьыззэщIеубыдэ Указ №601-р гъэззэщIэным теухуауэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм.

ЗэIущIэм унафэ кьыщащтащ «ПIалъэ кIыхьым тещIыхьа къэрал экономикэ политикэм и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м кьыдигъэкIа Указ №596-м кьыщыщIэгъуэвэ Кьалэн нэхъыщхьэхэр гъэззэщIэным зэрелэжьым 2017 гъэм нэхъри егугъуну.

«Къэрал управленэм и уху кIэр зэрыраГъэфIэкIуэнум и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Указ №601-м тещIыхьауэ унафэ кьащтащ къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэкэм зыуэ щыт я порталым кьыщыгъэлъэгъуа къэрал Iуэхутхьэбзэкэр зэрагъэззащIэ щыкIэм теуауэ Кьалэн нэхъыщхьэхэр гъэззэщIэным зэрелэжьым теухуауэ.

Муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм, кьалэ, кьуажэ жылагъуэхэм я щIыпIэ администрацэхэм чэнджэщ ирагъэщ мы лэжьыгъэм электрон Iэмэпсымэкэр нэхъ жыджэру кьыщагъэсэбэпыну.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ,
КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-секретарь.



ПщIэ лъаги жэуаплыныгъэ ини

● Зэпеуэхэр

Хабзэ хъуауэ, ди къэралым щокIуэкI «Студентхэм я пашэ» урысейпсо щIалэгъуалэ зэхьэзэхуэр. Ябгъэдэлъ зэфIэкIкIэ, гупыр зэрапыгъыф, зэрауанэтIыф я лъэныкъуэкIэ абы щызэпоуэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм я профсоюз зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр, «Студентхэм я пашэ-2017» зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэхэр мы зэманым йокIуэкI.

КъБКъУ-м Сокуров Александр и Творческэ мастерскойм иджыблагъэ щекIуэкIащ университетым и студпрофоргхэм я зэпеуэ. Абы и къэпщтакIуэ гупым хэтащ КъБКъУ-м и проректор **КъумыкъУ Iуэс**, КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Азычэ Светланэ**, КъБР-м и Профсоюз зэгухьэныгъэ пашэ **Амщыкъуэ ФатIимэт**, Къалмыкъкъэрэлуниверситетым и студпрофкомым и унафэщI **Юсуровэ Ильинэ**, Хетагуров Костэ и цIэр зезыхьэ Осетие Ищхьэрэ къэрал университетым и студпрофкомым и пашэ **Макиев Анзор**, КъБКъУ-м щIалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и IэнатIэм и унафэщI **Лу Азэмэт**, а еджапIэ нэхъыщхьэм и аспирантхэмрэ студентхэмрэ я профсоюз зэгухьэныгъэм и пашэ **Бозий Исльам**.

- Гупым я пашэу ущытыныр пщIэ лъаги жэуаплыныгъэ ини зыпылъ Iуэхугъуэщ, - жиIащ Азычэм, зэпеуэм кьрихьэлIахэм защыхуигъаззэм. - Нобэ ди кьалэнщ ди республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэм щIэс студентхэм я пэщIэдзэ профсоюз зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зыунэтIхэм я нэхъыфIхэр дгъэнаIуэну. Зэпеуэм хэт дэтхэнэми сохъуэхъу екъулIэныгъэкIэ абы упачкыныр.

Псалъэ гуапэхэмкIэ студентхэм захуигъэзащ Къумыкъу Iэуеси. Апхуэдизуи абы ди гъунэгъу республикэхэм я еджапIэ нэхъыщхьэхэм фIыщIэ яхуищIащ къаззэрыхеблэгъам папщIэ.

Псори зэхэту зэхьэзэхуэм хэтащ КъБКъУ-м и пэщIэдзэ профсоюз зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я пашэ цIыхуи 6. Аха р зэпеуэщ егъэджэныгъэм, гъэсэныгъэм, студентхэм еджапIэм щаIэ хуитныгъэхэм, кьалэнхэм епха хабзэхэм зэрыхащIыкIымкIэ, гупыр зэрызэщIагъэуIуэф мардэхэмкIэ, жьакIуэу, гушхуауэ псэльэныкIэ.

Зэпеуэм кьрикIуаХэр кьапщытэжа нэужь, апэ уви пIэр хуагъэфэщащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и студпрофорг Шэрыгу Аслъэн. Абы кьыкIэлъыкIуащ химиемрэ биологиемкIэ и кьудамэм и студентхэм я пашэ Ету Хьэжмухьэмэдрэ ПравэмкIэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ институтым щеджэ щIалэгъуалэм я пашэ Мэршэнкъуэ ФатIимэрэ. КьэпщытакIуэхэм зэрагъэзыхуам апкъ иткIэ, Шэрыгу Аслъэнрэ Мэршэнкъуэ ФатIимэрэ хэтынущ «Студентхэм я пашэ-2017» зэпеуэм и окружной Iыхьэу Владикавказ щекIуэкIынум.

Ди гуапэщ а утыкушхуэми абыхэм текIуэныгъэ кьыщахьыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Тхьлъыщ1э

НэхъыфIу къалытэ

«Хрустальный компас» лъэпкъ саугъэтым пашэу къыщалъытащ тхьлъ тедзапIэм и унафэщIхэу, лъахэхутэхэу КотляровхэМариерэ Викторрэ я «Кабардино-Балкария: 100 чудес, больших и маленьких» тхьлъыр.

УРЫС географие зэгухьэныгъэм Москва щIэ хэщIапIэм щекIуэкIащ «Хрустальный компас» лъэпкъ саугъэтым и эксперт советым и зэIущIэ. Абы щагъэнэIуащ саугъэтыр зыхуагъэфэщащэр. Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я «Кабардино-Балкария: 100 чудес, больших и маленьких» тхьлъыр хэхуащ Урысейм и щIыналъэ 68-м, дуней псом и къэрали 7-м кьабгъэдэкIыу къагъэлъэгъуа проект 389-м ящыщу нэхъыфIу кьалытахэм.

Зыхуэбгъадэ хъун щыгъ мыIэ къыдэкIыгъуэр урысыбзэрэ инджылыбзэкIэ тха гъуэгугъэлъагъуэщ, навигаторкIэ кьыззгъэпэщауэ. Абы хагъэхьащ Кавказым и щIыпэс, Iэрыщ1 ухуэныгъэ нэхъ щIэщыгъуищэм ятеуха хъыбархэр, телъыджэу кьалытэ щIыпIэхэм я сурэтхэр.

КьыдэкIыгъуэр гъуэгугъэлъагъуэ къудейуэ къэбгъэсэбэп мыхъуу, ди щIыналъэр фIыуэ зыльагъу дэтхэнэми саугъэт папщIэу урихуэупсэ хъунущ.

Тхьлъыр кьыдэзыгъэкIахэу Котляровхэ Мариерэ Викторрэ ирагъэблэгъащ накъыгъэм и 19-м Сочэ щаIэуа и «Галактика» жылагъуэ-щэнхабзэ центрым щекIуэкIыну, лъэпкъ саугъэтыр зыхуагъэфэщащэм щратхьыжыну V юбилей зэхьэхьэм. Абы хэтынущ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, Урысейм, дуней псом я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, зыплъыхьакIуэхэр, Iуэхущ1апIэ, холдинг инхэм я унафэщIхэр, хамэ къэралхэм я лIыкIуэхэр.

БЖЬЫХЬЭЛI Роззэ.

Адыгэ ныпым и щIыхькIэ

● Гуфlэгъуэ зэхьхьэхэр

Адыгэ ныпым и жьауэм и щIыхькIэ Шэджэм къалэм Щэнхабзэмкl э и унэм щекIуэкIащ «Адыгэ джэгу» зэхьхьэр. Ар къыдэгъэпэщащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щыIэ Щ1алэгъуалэ советым, Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ и управленэхэм я жэрдэмкIэ.

ПШЫХЬЫР кьыщызэIуихым, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щIыз ЩIалэгъуалэ советым щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэр зэкъуфIыуэ ялъагъуу гъэсэныкIэ и комиссэм и унафэщI Планэ зэпэцIыхьауэ тепсэлъыхьащ адыгэ ныпыр кьызэрежьам, абы тет дамыгъэхэм я мыхьэнэм.

Адэкlэ щIалэгъуалэм джэгушхуэ яублащ. Пшыхьыр зэхуащIыжащ «Джигитэ Чегема» лъэпкъ кьафэмкIэ сабий ансамблым и концерткIэ.

КIАРЭ Элинэ,
Шэджэм муниципальнэ щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI.

● Ди лъэпкъэгъуэр

Хэкужьым къару къыхелъхьэ

Хэхэс адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэхуаку зэпыщIэныгъэ дэлъынымкIэ, Германием щIэ ди лъэпкъэгъуэм я Iуэху зытетым дыщыгъуэзэныкIэ сэбэпышхуэ хъуэ ди ныбжьэгъуущ а къэралым щыпсэу Хьэщ1эщ1ыкIу Аднан. Ар ящыщщ адыгэ Iуэхур ипкIэ гъэкIуэтэным хэлIыфIыхьхэм икIи хэкум унэ щIIэу пIалъэ-пIалъэкIэ мыбы къэкIуэжырэ щопсэу.



ИЛЪЭСРЭ ныкъуэрэ ипэкIэ и щхьэм лъы дэуейри, Хьэщ1эщ1ыкIур хуабжьу сымэджащ икIи дигъэгъэващ. Арщхьэкlэ, нэмыщ1 дохутырхэр кьыдэIэпыкъури, узыфэр щхьэщыкIащ, и Iэпкълъэпкъым и ижьырабгъу лъэныкъуэр иубыдати, мазиплIрэ ныкъуэкIэ кьеIэза нэужь, хуэмурэ кьиутIыпщыжащ. Ди гуапэ зэрыхъущи, Аднан иджыпсту хэкум кьэкIуэжауэ щыIэщ, кьыхэзыгъэзэхь щIагъуэ щымыIэу. И вызэи пIалъэр зэрикIым кьыхэкIкIэ, Налшык дэфтэр Iуэхуэхэр щызэфIигъэкIащ.

- Хэкум ныбжьэгъу куэд щызэIэщ, хуабжьу кьыхсухэгъуэващ, кьыщIэупщIащи, фIыщIэ яхузощ, - жиIэ Аднан. - Тхьэм и шыкуркIэ, сыкьыззфIэувэжащ, Москва си Iуэхуэхэр щызэфIэзгъэкIри, Налшык сыкьэлъэтэжауэ сыщыIэщ. Мыбдежи си дэфтэрхэр зыхуэй щызхуэгъаззэ, си адэжь щыналъэм сыкъхихьэфын хуэдэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэдэ щIыпIэ дахэ къэгъуэтыгъуейщ, сыкъызэрихьэжу си гур кьызэрыгъуэтыжащ. Ди хьэуа кьабзэм нэхъыфI сищIащ, адыгэ цIыхухэм, си ныбжьэгъуфIхэм сакьызэрыхьихьэжу нэхъ нэжэгужэ сыхъуащ. Налшык кьалэм и кум ит унэм и 11-нэ кьатырщ си псэупIэри, пщэдджыжьым кофе тIэкIу балконым сису сефэмэ, занщIэу псори сщхьэщокI, нэм кьиплIыхь дахагъэм си гур хегъахъуэ. КьищынэмыщIауэ, махуэкIэрэ «Пятигорскым» санаторэм сыкIуэурэ тIэкIу кьыщызоIазэри, си узынщагъэри си гукъыдэжри ефIэкIуауэ Германием згъэззжынущ. Си ныбжьэгъухэм, си лъэпкъэгъухэм Тхьэр арэзы къахухъу, фIыуэ сыкъызэралъагъур зэрызыхэсщIэм сигу игъэкIуэдыркъым.

ЩIыхьэхухэр

МазитI лэжьыгъэ

«Кавказ» федеральнэ гъуэгум щыщ Iыхьэу Лэскэн районым пхырыкIыр гъэкъэбзэным теуха щэбэт щIыхьэху иджыблагъэ екIуэкIащ, кьабзагъэм, щIыпIэхэр гъэдэхэным зыгъэзагъауэ зэхаубла мазитI лэжьыгъэм хьхьэу.

АРГУДАН, Лэскэн ЕтIуанэ, Анзорей, Урыху, Хьэтуей къуажэхэм я администрацэхэм, жьалагъуэ зэгухьэныгъэхэм, предприятэхэм щылажьэхэр зыхэта щIыхьэхум Iуэхушхуэ щызэфIахащ: Iуэхущ1апIэхэм я Iэгъуэблагъэм щызэтриха куэныбыр зэщIакъуащ, жыг куэдыкIейм я лъэдийхэм сэху иратащ, къудамэ паупщIахэр лъэныкъуэ ирагъэзащ, чыцэ зэщIэкIэжахэр зэгъасащ. Хьэтуей къуажэм дэт кхъэм щIыхуи 100-м нэблагъэ щылэжьащ.

Псори зэхэту цIыху 300-м щIигъу зыхэта щIыхьэхуи техникэ зэмылIэужьыгъуэу 20-м нэблагъэ кьыщагъэсэбэпащ, курыт школхэм щеджэхэми я зэфIэкIкI щагъэлъэгъуащ.

МазитI лэжьыгъэхэр иджыри йокIуэкI. ЦIыхухэм зэхигъэщIыкIыхьэщ щхьэж щыпсэу Iыхьэм и кьабзагъэмрэ щIыпIэхэм я щIыпэпсым и щытыкIэмрэ дэтхэнэ зыми зэрелъытар.

Лэскэн районым щыпсэухэм ягурэ я щхьэрэ зэтелъу ягъэлъапIэнущ Гъатхэмрэ лэжьыгъэмрэ я махуэу къалъытэ накъыгъэм и 1-ри, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 72-рэ щрикъуну накъыгъэм и 9-ри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Мы мазэм

Мэлыжьыхьым и 27, *махуэку*

♦**Урысей парламентаризмэм и махуэщ.** 1906 гъэм лэжьэн щIидзащ Урысейм и Къэрал Думэм - парламентаризмэм и лъабжьэхэр зэрагъэпэщ.

♦**Саха (Якутие) Республикэм и махуэщ.** Абы щагъэлъапIэ ар кьыщызэрагъэпэща (1922 гъэм), и конституцэщIэр кьыщащта (1992 гъэм) махуэхэр.

♦**Урысейм и МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм я часть хэхахэм я махуэщ.**

♦**УФ-м и нотариальнэ Iуэхущ1апIэхэм я махуэщ**

♦**Финляндием щагъэлъапIэ ветеранхэм я махуэр**

♦**Словением и Щхьэхуитщ1ыжакIуэ фронтым и махуэщ**

♦**1702 гъэм** Пётр Езанэм кьыдигъэкIащ, яIыгъ диным щхьэкIэ емынкьуэкьуу, нэгъуэщI къэралхэм я цIыхухэр Урысейм къэкIуэну хуит зыщI унафэр. Европэм кьикIыуРэ къэралым къэкIуэу хуэжьащ кхъухь, Iэщ1 щыным хуэIэкIуэлъакIуэ Iэщ1агъэлIхэр, ухуакIуэ Iэзэхэр, дзэ инженерхэр.

♦**1908 гъэм** мылым лъэрыжкIэ кьыщыфэныр Олимп джэгуэм я программэм хагъэхащ.

♦**1908 гъэм** Инджылызым и къалащхьэ Лондон кьыщыззIуахащ IV гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр щызэхуащIыжар жэпуэгъуэм и 31-рщ.

♦**1961 гъэм** СССР-м кьыщызэрагъэпэщащ Мамырыгъэм хуэлажь фонд.

♦**1974 гъэм** Байкал-Амур гъущI гъэзгър (БАМ-р) ухуэн щIадзащ.

♦Совет актёр, режиссёр, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист **Моргунов Евгений** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Сабий дохутыр, хирург цIэрыIуэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Рошаль Леонид** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, КъБР-м и Къэрал сауГъэтым и лауреат **ШыбзыхъуэрэБасир** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦ЩIэрджэс политик, хъэрычэтыщIэ, псапащIэ **Къэзанокъуэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цIыхубз артист **Лазарев Александр** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

♦Урысей уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, композитор, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Михайлов Стас** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисистка, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, 2008 гъэм Пекин щекIуэкIа Олимп джэгуэм дыжьын медаль кьыщIэзыхьа **Сафина Динарэ** и ныбжьыр илъэс 31-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIыжьмкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 17, жэщым градуси 5 - 8 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 28, *мэрем*

♦**Лэжьыгъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ.** 2003 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ.

♦**Химие шынагъуэншагъуэм и махуэщ**

♦**1563 гъэм** Москва лэжьэн щыщIидзащ апэ типографием, Фёдоров Иванрэ Мстиславец Пётрэ ящIам. Ахэращ тезыдзар апэ тхьлъыр.

♦**1908 гъэм** Эсперанто бзэм и дунейпсо зэгухьэныгъэр къыззрагъэпэщащ.

♦**1920 гъэм** Азербайджан СССР-р къыззрагъэпэщащ.

♦**1925 гъэм** РСФСР-м и ЦIыхубз комиссархэм я советым къыдигъэкIащ «Къалэдэсым и цIэ-унэцIэр, и адэр» зэрыт и тхьлъым ар щыпсэу щыпIэри къыщыгъэлъэгъуэным теухуауэ» унафэр.

♦**1945 гъэм** Дзэ Плъыжьым и дзэхэм Рейхстагым ебгъэрыкIуэн щIадзащ.

♦**1955 гъэм** Ленинград къыщызэрагъэпэщащ офицерхэр щрагъаджэ, Суворовым и цIэр зезыхьэ еджапIэр.

♦**1967 гъэм** американ боксёр Клей Кассиус (Али Мухаммед) зэпеуэм хэтыну хуимыту унафэ къащтащ, абы США-м и дзэм къулыкъу щищIэн зэримыдэм кьыхэкIыу.

♦**1990 гъэм** иужьрей дыдэу Совет Союзым и Маршал цIэр ятащ. Ар хуагъэфэщат Язов Дмитрий, а лъэхъэнэм ирихьэлIэу СССР-м зыхъумэжьыныкIэ и министру щытам. Ар яхэтащ ГКЧП-р 1991 гъэм къыззыгъэпэщахэм.

♦**2001 гъэм** космонавтхэм ящIыгъуу ялъ дыдэу хьэршым лъэтащ турист. «Союз ТМ-32» кхъухьми ису абы щыгъуэ хьэршым лъэтащ космонавтхэу Батурин Юрий, Мусабаев Таллат, Америкэм щыщ мелуаныгрыжкIэ Тито Деннис сымэ. Ахэр дунейпсо хьэрш станцым махуихкIэ щыIащ, космонавтхэм щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу, Деннис ильэгъуэм сурэт, видео трихьу, и гъусэхэм «яхуэпщафIэу».

♦Хэку зауэшхуэм быни 9, зы нысэ, къуэрылъхуп1ырылъхуу 3 зыгъэкIуа щапхъэгъэ анэ **Щхьэлахъуэ Чэбэхьан** къызэралъхурэ илъэси 143-рэ ирокъу. Абыхэм ящыщу къэзыгъэззэжа имылъагъуу дунейм ехьжащ ар.

♦ЩIэрджэс тхакIуэ **ДышэкI Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Литвам щыщ совет актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубз артист **Банионис Донатас** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Иракым и президенту илъэс 24-кIэ щыта **Хьусен Саддам** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Испанием и актрисэ цIэрыIуэ, а къэралым щыщу «Оскар» саугъэтыр ятэу зыхуагъэфэща **Крус Пенелопэ** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIыжьмкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Лы и псалъэ епцIыжыркъым.

Къалэмбийкlэ зэджэ тхакlуэ телъыджэ

Кlашэ Адэлджэрий къызэралъхурэ илъэси 180-рэ урокъу

***Илъэсищэм нэблагъэкlэ дэхэхауэ, абы и цlэхэми и тхыгъэхэми цlыхур щымыгъуазэу къэгъэгурыкlуащ ар. Зыми ицlыхурэ-къым «Къалэмбий» псевдонимыр зыфlэзэщыжа тхакlуэр. Урыс журналхэм зэгуэр традзэгъащ «Къалэмбий» зыфlэзыщыжа тхакlуэм и lэдакъэщlэкlи зыбжанэ. «Шэрджэсым и тхыгъэхэр» - арат абыхэм я псалъащхьр. Хэт хъунут а «шэрджэсыр» езыр? Псоми ящlэр зыт - ар «бгырыс хъыжьхэм» зэращыцыут. «Мы тхыгъэхэр, илъэмылlэкlэ, зи къалэмпэм къыщlэкlар адыгщ» - апхуэдэ псалъэ дыщlагъуащ Къалэмбий и я тхыгъэхэм. И зы тхыгъи и цlэ-унэцlэ дыщlигъуакъым абы, литературэм зэрыхыхьар псевдонимкlэщ - «Къалэмбий». Лlэщlыгъуэм нэблагъэ зэпичащ а псевдонимым - зейр ямыщlэу, уеблэмэ я lэщlэгъупщы-кlыжьыпаун щытащ: къызыхэкlа лъэпкъым ящlэхэрэтхъым апхуэдэ тхакlуэ дунейм тетами темытами; урыс литературэм и тхыдэм апхуэдэр къыщыхъуныр зыхуэIуа щы-Iэкъым...**

ИтЬЭС 54-рэ хьуауэ дощlэ ар хэтми. Дощlэ «Къалэмбий» псевдонимыр зыфlэзэщыжар Шэрджэсым къызэрыщалъхуар. Дощlэ ар зэрыКlашэ Адэлджэрийр. Абыкlэ фыщlэр зыбгъэдэлъыр Мейкъуапэ щыщ къэхутакlуэ Голубевэ Ларисэщ. Аращ Къалэмбий и цlэр, и лжьыгъэхэр хэIущlыIу зыщlыжар. «Дружба народов» журналым (1963 гъ., №9) тридза тхыгъэмкlэ Л. Голубевэм цlыхур щыгъуазэ ищlащ «Библиотека для чтения»», «Русский вестник» урыс журналхэм зи тхыгъэхэр традза «шэрджэсыр», Къалэмбий цlэ лейр зы-фlэзыщща тхакlуэр, зэры-Кlашэ Адэлджэрийм. Голубевэм и фыгъэкlэ Кlашэм ди литературэм хэуфащэ увыпIэр щиубыдыжащ. Ар хабжэ адыгэ, абазэ лъэпкъ литературэхэр зэхэзэIуублахэм, и творчествэр школхэм, университетхэм щадж. Литературовед цlэрыIуэ Андроников Ираклий зэритхыгъащи, Къалэмбий ба-щlэм и пэжыIпlэр къыщlэзыгъэщыфа тхакlуэщ, къалэмкlэ тельыджу зы гъэшэрыуэф художник набдзэгубдзаплъэщ.

Кlашэ Адэлджэрий абазэ лакъуэлIэш унагъуэщ къыщалъхуар. Хэти зэрищlэщи, абазэхэмрэ адыгэхэмрэ зэлъэпкъэгъуущ, абхъаз щlэныгъэлI щlэрыIуэ Инал-Ипа зэритхыгъащи, зы жыгым и къудамитIщ. Епщыкlубгъуанэ лIэщlыгъуэм, Кlашэ Адэлджэрий и тхыгъэхэр дунейм къыщытехьа тхыгъэхэм, адыгэхэрэ абазэхэрэ нэхъ къызэралъхур шэрджэст - а лъэпкъыцlэр адыгэхэми абазэхэми я зэхуэдэщ. Дауи, абы къикlыркъым абазэхэр лъэпкъ щхьэхуэу щымытауэ: я нэхъыбэм адыгэбзэр анэдэлъхубзэ яхуэхъуауэ куэд лъандэрэ къэгъуэгурыкlуами, абазэхэм езыхэм я тхыдэ яIэжщ, лъэпкъ щэнхабзэ къулей къагъэщlын яхуэзфlэкlащ. Апхуэдэ лъэпкъщ Кlашэ Адэлджэрий къызыхэкlар. «Шэрджэсым и тхыгъэхэр» - апхуэдэ псалъащхьм щlэтущ Кlашэ Адэлджэрий и lэдакъэ къыщlэкlа япэ тхыгъэхэр («МазитIкlэ къуажэм», «Жин пэшэгъу», «Пыпхэ») «Библиотека для чтения» журналым зэрытридзар. «Шэрджэсым и тхыгъэхэм» лъабжьэ яхуэхъуар, зэрыныжрыльагъущи, адыгэхэм, абазэхэм я гъащlэмрэ я дунеймрэщ. Адыгэхэми, абазэхэми махуэ кlэс я нэгу щlэкlи гъащlэрэ дунейрэщ ар, тхакlуэм «шэрджэс» лъэпкъыщlэ фlэкlа зы щыпIэ деж къыщримыIуэми.

Шэч хэлъхьэм, Кlашэ Адэлджэрий имыщlэнкlэ Iэмал иIакъым абазэ лIакъуэлIэш унагъуэм къызэрыщалъхуар, «шэрджэс» лъэпкъыщlэм абы абазэри адыгэри къызэрыригъэуфыдыр гурыIуэгъуэщ. Нобэ зызыужь абазэ литературэри адыгэ литературэри зэрыпагэ тхакlуэ щэджащlэщ Кlашэ Адэлджэрий, абазэхэми адыгэхэми зэдай художественнэ хъугъэфlыгъуэ мылытэщ абы и кlалэмыпэм къыщlэкlа тхыгъэхэр.

Кlалэмбий и тхыгъэхэр дунейм къызэрытехьар урысыбзэкlэщ - абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: щlэсэуа зэманым тепщlыхьмэ, абы нэгъыкlэщ Iэмал иIакъым, урысыбзэкlэ тхэн фlэкlа (и тхыгъэхэр зэIущIыу ищlын - тридзэн мурад щищlакlэ). Кlашэ Адэлджэрий и тхыгъэхэр дунейм къызэрытехьар урысыбзэкlэми, ахэр ди лъэпкъ (абазэ, адыгэ) литературэхэм я тхыдэм и зы напэкlэущlщ. Ахэр дэркlэ лъапIэщ Нэгумэ Шорэ, Хъан-Джэрий, Хьэтlохъущокъуэ Къазий сымэ къызэранэкlа тхыгъэхэм хуэдабзэщ.

Нэгумэ Шори, Хъан-Джэрии, Хьэтlохъущокъуэ Къазии зыхуэлэжьар зыщ - я лъэпкъыр щlэныгъэм и гъуэгум тешэнрыщ, «бгырыс Iэлыр» кlыфlыгъэм къызэрыхашынырщ, ар тхылъымрэ щlэныгъэмрэ къызэрыщlагъэтэджэнырщ. Ар дыдэрщ Кlашэ Адэлджэрии зыхуэлэжьар. «Iуащlхьэ щыгум» повестым абы щитхыгъащ: «Си нэгу щlэкlаеуэ хъуам хьэкъ сщащlауэ, сэ шэч къызытезмыхьэжыр зыщ - щlэныгъэм цlыхур къызыжэкlа лъэпкъым пэIащlэ ищlын зэрыхуэмейрщ, ар дэнэ къэна, щlэныгъэм цlыхур и лъэпкъгъуэм нэхъри гъунэгъу хуищын хуейщ. Щlэныгъэ мащlэ дыдэ фlэкlи зимыIэ адыгэр хуэдищlкlэ нэхъ адыгэщ, абы и къуэш щlэныгъэншэм елытауэ». Кlашэ Адэлджэрий и тхыгъэхэм хьылъагъэу щlэныгъэм зи гур къиуIа, кIыфlыгъэм щхьэмыгъаззу зеэзыщыта щlалэщlэм и образыр. Гу лъытэгъуэфlэщ а образым щапхъэ хуэхъуар езы тхакlуэм и гъащlэр ару зэрыщытым. Тхакlуэм щапхъэу игъэлъагъуэ а щlалэщlэм и къарури, и щlэныгъэри, и акъылри зыхуэунэтlар зыщ - къыдалъхуаэхэр щlэныгъэм и гъуэгум тешэнрыщ, кIыфlыгъэм къыIущlэхыныщ. Ар дыдэм щlэбэну и гъащlэ кlэщlыр ирихьэкlащ езы Кlашэ Адэлджэрий. Нэгумэ Шори, Хъан-Джэрии, Хьэтlохъущокъуэ Къазии, Кlашэ Адэлджэрии, абахъэм ядэшэсауэ щыта адыгэ щlэныгъэлIхэми, егъэджакlуэхэми, тхакlуэхэми я мурадыр къемыхъулIамэ, ар зи лажьэр, зэрыгурыIуэгъущи, езыхэракъым. Апхуэдэ мурадыр къыщомыхъулIэ зэманщ ахэр щыпсэуар.

КlашЭ Адэлджэрий 1837 гъэм Инжыджыщхьэ (Шэрджэсыи) къыщалъхуащ; къыщалъхуар, ищlэкlэ зэрыщыжыгIащи, абазэ лIакъуэлIэш (пщы) унагъуэщ. 1850 гъэм Адэлджэрий Ставрополь гимназием щlагъэтIысхьэ икIи, урысыбзэр щlэх ды-дэ зрегъащlэри, тхыдэмрэ литературэмрэ хуабжьу дахьэхауэ йоджэ. Гимназием щекlуэкI литературэ зэпеуэхэм Адэлджэрий пашэныгъэ къыщlихь зэпытащ. Дыщэ медалкlэ гимназиер къиуха ныжь, илъэситIкlэ зегъэзыхэзырри, Кlашэ Адэлджэрий 1860 гъэм Петербург дэт университетым щlотIысхьэ. Архивым хъума щыхъуащ мыпхуэдэ тхылъымпIэ: «Кlашэ Адэлджэрий 1860 гъэм шыщхьэIуам и 1-м, экзамен къыIамыхыу, Санкт-Петербург дэт университетым и езанэ курсым хагъэтIысхьащ - къуэкIыпIэ факультетым и хьэрыпх, къэжэр, тырку, тэтэр разрядым».

ЩIэтIысхьа щхьэкlэ, Адэлджэрий университетым зы илъэсищ зэрыщеджар. Абы и щхьэусыгъуэри белджылы ищlащ Голубевэ Ларисэ. Ар щыхьэт зэрытехъуэщи, Кlашэ Адэлджэрий иту техуакъым пащтыхьым и унафэкlэ университетым щагъэувА хабзэ ткIийр - ар казармэм зэрыпэлъытар, студентхэм я демократие хуитынигъэхэр зэрытрахар, лъэпкъ фащэ зэрахьэну зэрыхуимытыжыр.

Университетым къыщlэкlыжри, хэкум къигъэзэжа неужь, Кlашэ Адэлджэрий Ставрополь щылэжьащ зыбжанэрэ - егъэджакIуэу; 1867 гъэм Владикавказ кlалэм дэтIысхьащ, абы къыщыдэкI «Терские ведомости» газетым и редактору лэжьэн щlидзащ. А Iэнатlэм здыIутым, и ныбжьыр илъэс 35-рэ фlэкlа мыхъуауэ, Кlашэ Адэлджэрий 1872 гъэм дунейм ехыжащ.

Кlашэ Адэлджэрий и цlэр япэ зыгъэIуар «Библиотека для чтения» журналырщ. 1860 гъэм абы тридзащ тхакlуэ щlалэм и «Шэрджэс тхыгъэхэр», «МазитIкlэ къуажэм», «Пыпхэ», «Жин пэшэгъу» хъыбархэр. А журнал дыдэм тридзащ «Абрэджэхэр» повестри. 1861 гъэм «Русский вестник» журналым къытехуащ «Iуащхьэ щыгум» повестыр. Традзауэ къагъуэтыжар араш, Кlашэ Адэлджэрий и цlэ-унэцlэ щlэмытми, «Терские ведомости» газетым традза тхыгъэ зыбжанэ абы и Iэдакъэ щыщlэкlауэ ялытэ; псалъэм папщIэ, шэч хэлъхьэм Нэгумэ Шорэ и «Адыгэ тхыдэм», адыгэ уэрэдыжьхэм ятеуэуауэ а газетым тета тхыгъэхэр Кlашэ Адэлджэрий зэриIэдакъэщlэкlым. «Библиотека для чтения» журналым Кlашэ Адэлджэрий иригъэжауэ щытащ «ЦыIамрэ щыIэмрэ» повестым и Iэрытхыр; ар журналым трагъэдзакъым, и Iэрытхыр кIуэдауэ ноби лъэужьыныщэщ.

«Шэрджэсым и тхыгъэхэр» мыпхуэдэ псалъэкlэ иублэгъащ Адэлджэрий: «ЦIхьэусыгъуэ гуэркlэ кIыфlыгъэм, хабзэ мыхъумыщlэхэм хуэунэтlа удын пэлъытэщ. Тхакlуэм и гур мэуэ бгырыс цIыхубзым и дуней Iыхьэр щилъагъуркlэ. «Абы и дунейр дыщэ Iуданэкlэ хидыкI тхыпхъащlыпхъэхэм деж щеух, и пащдейм адэри анэри егупсысыркъым», - щитхыгъащ Къалэмбий «Мазитlкlэ къуажэм» рассказым. ЦIыхубзым и дуней Iыхьэр зэрыдыджыр, абы и насыпыр, и гъащlэр, и щIыхьыр хэутэн зэращlыр тхакlуэм ди нэгу щыщlигъэкlащ «Пыпхэ» рассказым.

Псом хуэмыдажу удын гъащlэ иридзащ Кlашэ Адэлджэрий пасэрей хабзэ мыхъумыщlэхэм. «Абрэджэхэр» повестымкlэ тхакlуэм сэтей ищlащ пасэрей хабзэ мыхъумыщlэхэм лъэпкъым, хэкум къыхахьу щыта насыпыншагъэхэр. Абы и тхыгъэхэм я фlыпIэр, дауи, а повестыру. Повестым и мыхьэнэмрэ и купщlэмрэ нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщlэ, дигу къэдгъэкIыжынщ ар дунейм къыщытехьа зэманым (1860 гъэм) адыгэхэр зыIутха Iэнатlэр. Илъэсищэм нэблагъэкlэ зэпымыуа Кавказ зауэр и кlэм нэблагъат, урыс пащтыхьым и дзэлIхэм адыгэ хэкур зэрапхъуэрт, лъыгъажэ зауэ зращlыIа бгырыс лъэпкъхэм, лъэбакъуэ ячыху зы хьэдэ ягъэтIылъын хуей хъуэрэ, и хэкур яфIэкIуэдырт.

Мыбдеж щичэзуэкъым а зауэ гущlэгъунышэр къызыхэкlа псом я щхьэусыгъуэхэм утепсэлъыхьырыщ. И щхьэ течауэ абы тепсэлъыхьырыкъым Къалэмбий - дауи, щымыгъуазэу арагъэнтэкъым, ар ибзащlын мурад иIауи щэч хуэпщlу хьуну къыщlэкIынтэкъым. Урыс-Кавказ зауэм и гущlэгъуэрщ Кlашэр щыпсэуар; тхакlуэм и нэгу щlэкlащ («Абрэджэхэр» повестыр итха нэужь) илъэсищэкlэ зэпымыуа зауэ гущlэм адыгэхэм я щхьэри я хэкури зэрыхалъхьар.

АрА ТIУ, дэнэ дэж, сыт хуэдэ тхыгъэра КlашЭ Адэлджэрий зи лъыр ягъажэ, зи Iуа лъэхэр зрапхъуэ адыгэхэм къащыщхьэщыжар? Нобэ тыншщ абы ущIэупщIэныр, абы (Урыс-Кавказ зауэм) зэрытеплъэкъуэкIам щхьэкlэ тхакIуэр бгъэхъуэншэни къызэрфlэкIынущ, апхуэдэ мурад хуэпщlмэ. «Абрэджэхэр» повестым упкърыджхьмэ, тхакlуэм щэч хуэпщlыфынукъым а зауэм теплъэкъуэкIам е ар ибзащlын мурад иIауэ. Ар щlэнэ къэна, тхакlуэм куууэ къитIэщlащ адыгэхэм я щхьэм кърикIуа мыгъуагъэмрэ насыпыншагъэмрэ къызыхэкlа псом я зы щхьэусыгъуэ. Лейуэ утемыпсэлъыхьыжми, повестым едэжь дэтхэнэ цIыху набдзэгубдзаплъэм дежкIи гурыIуэгъуэ хъун ди гугъэщ ар - повестыр абрэдж эшитIым я хьыбар къудейуэ фlэкlа къыщыжьу зыныдэмэ. Абрэдж эшитIым я хьыбар къудейркъым Кlашэ Адэлджэрий и повестым купщlэ хуэхъуар - ар куэдкlэ нэхъ куущ, адыгэхэм я щхьэм кърикIуа мыгъуагъэмрэ насыпыншагъэмрэ къызыхэкlа щхьэусыгъуэхэм унэзыщэс гупсыскlэ гъэнщlауэ...

«Уи гуаузэ пщIы хъун куэдщ, зэгупсысыпхэрэ мащlэкъым, - итхыгъащ Кlашэ Адэлджэрий. - Гуаузм сегъэнщ, си пхэпкъыуэрэ си нэгу къыщыщlыхьэкlэ... Цыхуэ цIыкIу кIримыт къару уиIэн хуейщ, ди хабзэхэм уапэщIэувэн щхьэкlэ. Удын Iэджэ къытехуэнщ апхуэдэ мурадым къыщlэтащэм, гъащlэм и фэбжь Iэджэ зыхиущlэнщ. Зэгуэр, зэрыслъэкIкlэ, щэныгъэм сыхуэхлъэжьм мурад сызэриIамрэ гуращэ гуэрым сызэрыхуэупсамкlэ си гур согъэфI... Икли, хэт ищlэрэ, сэ схуэдэ гуэрым къыщхьэпэн жьлэ хэссагъэнкIи хъунщ...»

Апхуэдэ жьлэщ Кlашэ Адэлджэрий (Къалэмбий) и Iэдакъэ къыщlэкlа дэтхэнэ тхыгъэри.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

★★★



«Абыхэм я гуащlэрщ жьлэр зэрыпсэур», - дыкъыщоджэ «Iуащхьэ щыгум» повестым. - Хьэщlэщым щытеу шу бэлъыхьэри зи пщэм дэсыр ахэращ. Ахэр мыхъуатэмэ, зекIуэлI хахуэм, шы емыльиджьм, Iэщэ-фащэ лъапIэм я хьыбархэр зи пщIыхьым хэмыкI лIакъуэлIэшхэм я вагъуэр ижьнт». Тхакlуэм ибзащlыркъым мэкъумэщыщlэхэмрэ лIакъуэлIэшхэмрэ я кум къыдэлыдыкI мафIэр кIуэ пэтми зэрызэщlэплъэр: «Мэкъумэщыщlэхэр ятеплъэ хъуркъым шырэ Iэщэрэ фlэкlа нэкуи напIи зимыIэж цIыху Iуэхуншэхэм».

Къалэмбий и Iэдакъэ къыщlэкlа дэтхэнэ тхыгъэри бгырысхэр зыхэта кIыфlыгъэм, хабзэ мыхъумыщlэхэм хуэунэтIа удын пэлъытэщ. Тхакlуэм и гур мэуэ бгырыс цIыхубзым и дуней Iыхьэр щилъагъуркlэ. «Абы и дунейр дыщэ Iуданэкlэ хидыкI тхыпхъащlыпхъэхэм деж щеух, и пащдейм адэри анэри егупсысыркъым», - щитхыгъащ Къалэмбий «Мазитlкlэ къуажэм» рассказым. ЦIыхубзым и дуней Iыхьэр зэрыдыджьр, абы и насыпыр, и гъащlэр, и щIыхьыр хэутэн зэращlыр тхакlуэм ди нэгу щыщlигъэкlащ «Пыпхэ» рассказым.

Псом хуэмыдажу удын гъащlэ иридзащ Кlашэ Адэлджэрий пасэрей хабзэ мыхъумыщlэхэм. «Абрэджэхэр» повестымкlэ тхакIуэм сэтей ищlащ пасэрей хабзэ мыхъумыщlэхэм лъэпкъым, хэкум къыхахьу щыта насыпыншагъэхэр. Абы и тхыгъэхэм я фlыпIэр, дауи, а повестыру. Повестым и мыхьэнэмрэ и купщlэмрэ нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщlэ, дигу къэдгъэкIыжынщ ар дунейм къыщытехьа зэманым (1860 гъэм) адыгэхэр зыIутха Iэнатlэр. Илъэсищэм нэблагъэкlэ зэпымыуа Кавказ зауэр и кlэм нэблагъат, урыс пащтыхьым и дзэлIхэм адыгэ хэкур зэрапхъуэрт, лъыгъажэ зауэ зращlыIа бгырыс лъэпкъхэм, лъэбакъуэ ячыху зы хьэдэ ягъэтIылъын хуей хъуэрэ, и хэкур яфIэкIуэдырт.

Мыбдеж щичэзуэкъым а зауэ гущlэгъунышэр къызыхэкlа псом я щхьэусыгъуэхэм утепсэлъыхьырыщ. И щхьэ течауэ абы тепсэлъыхьырыкъым Къалэмбий - дауи, щымыгъуазэу арагъэнтэкъым, ар ибзащlын мурад иIауи щэч хуэпщlу хьуну къыщlэкIынтэкъым. Урыс-Кавказ зауэм и гущlэгъуэрщ Кlашэр щыпсэуар; тхакlуэм и нэгу щlэкlащ («Абрэджэхэр» повестыр итха нэужь) илъэсищэкlэ зэпымыуа зауэ гущlэм адыгэхэм я щхьэри я хэкури зэрыхалъхьар.

АрА ТIУ, дэнэ дэж, сыт хуэдэ тхыгъэра КlашЭ Адэлджэрий зи лъыр ягъажэ, зи Iуа лъэхэр зрапхъуэ адыгэхэм къащыщхьэщыжар? Нобэ тыншщ абы ущIэупщIэныр, абы (Урыс-Кавказ зауэм) зэрытеплъэкъуэкIам щхьэкlэ тхакIуэр бгъэхъуэншэни къызэрфlэкIынущ, апхуэдэ мурад хуэпщlмэ. «Абрэджэхэр» повестым упкърыджхьмэ, тхакlуэм щэч хуэпщlыфынукъым а зауэм теплъэкъуэкIам е ар ибзащlын мурад иIауэ. Ар щlэнэ къэна, тхакlуэм куууэ къитIэщlащ адыгэхэм я щхьэм кърикIуа мыгъуагъэмрэ насыпыншагъэмрэ къызыхэкlа псом я зы щхьэусыгъуэ. Лейуэ утемыпсэлъыхьыжми, повестым едэжь дэтхэнэ цIыху набдзэгубдзаплъэм дежкIи гурыIуэгъуэ хъун ди гугъэщ ар - повестыр абрэдж эшитIым я хьыбар къудейуэ фlэкlа къыщыжьу зыныдэмэ. Абрэдж эшитIым я хьыбар къудейркъым Кlашэ Адэлджэрий и повестым купщlэ хуэхъуар - ар куэдкlэ нэхъ куущ, адыгэхэм я щхьэм кърикIуа мыгъуагъэмрэ насыпыншагъэмрэ къызыхэкlа щхьэусыгъуэхэм унэзыщэс гупсыскlэ гъэнщlауэ...

«Уи гуаузэ пщIы хъун куэдщ, зэгупсысыпхэрэ мащlэкъым, - итхыгъащ Кlашэ Адэлджэрий. - Гуаузм сегъэнщ, си пхэпкъыуэрэ си нэгу къыщыщlыхьэкlэ... ЦIыхуэ цIыкIу кIримыт къару уиIэн хуейщ, ди хабзэхэм уапэщIэувэн щхьэкlэ. Удын Iэджэ къытехуэнщ апхуэдэ мурадым къыщlэтащэм, гъащlэм и фэбжь Iэджэ зыхиущlэнщ. Зэгуэр, зэрыслъэкIкlэ, щэныгъэм сыхуэхлъэжьм мурад сызэриIамрэ гуращэ гуэрым сызэрыхуэупсамкlэ си гур согъэфI... Икли, хэт ищlэрэ, сэ схуэдэ гуэрым къыщхьэпэн жьлэ хэссагъэнкIи хъунщ...»

Апхуэдэ жьлэщ Кlашэ Адэлджэрий (Къалэмбий) и Iэдакъэ къыщlэкlа дэтхэнэ тхыгъэри.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

★★★

Къалэмбий (Кlашэ) Адэлджэрий

АБРЭДЖХЭР

Адыгэ хъыбар

КъУИТI иIащ ди адэм - сэрэ си шынэхъыжьымрэ. Дыкъыщыхъуар абазэхэхэм я хэкурщ, Къэбэрдейм дыкъыщалъхуами. Сыщысабийм, сощlэж, ди адэм сеупщIрейт и благъэ и ныбжьэгъуи ибгынэу хамэ хэку щlэIэпхъуамкlэ. «Нэхъыжьхэм я Iуэху дэнэ щыпщlэн?» - афlэкlа къыпидзыжьыртэ - къым ди адэм. Дыкъыдэкlуэтейуэу уанэгум дисыф хъуа нэужьщ абы и щхьэусыгъуэр къыщыджиар. Ди адэм ныбжьэгъу гуэр иIащ, зыпищlщымыIэу. Адыгэм зэрыжаIэщи, я псэр зы чысэм илъ. Зырыхабзэжьти, зэгуэрым шыдыгъу зэдежьащ. Махуэм мэзаем щlэсри жьаным къуажэм дыхьащ. Къуажэм дыхьэри, дынэкъыкуэ зырызкlэ зэбгрыкlащ (Iуэхум хэзымыщlыжькlэр зэрыгупу зы унагъуэм йопщI; абыхэм ыкъехулIэ щыIэкъым, зэрогъэщтэжри, я Iуэхур мэкъутэ).

Щыззэгурыуам къыщlыгъэжьам, ди адэм и ныбжьэгъур къэтI. Жащщыр хъуху пэплъащ. Къыгъэзэжкъэкъым. Къыщымыгъэзэжьым, ди адэр хуэужьэм аргуэру дыхьащ, шэщ гуэрым шищ къыщlищи и гъэгу теувэжащ, и ныбжьэгъуми ар дыдэр зэрищlынум шэч къытримыхьэжу. Тхьэмахэу дэкlащ, ди адэм и ныбжьэгъущlэзэжьэкъым. И адэр пасэу щlыгъэжьам. Ди адэр гъэзвэнтэкъэ: ефэжьртэкъым, ешхэжьртэкъым, и ныбжьэгъуэм и унэм сыхьэт къэс кIуэрэ щlэупщIэрт. Пщыхьэщхьэ гуэрым ди адэм лIы мыщIыху гуэркъэ къыхуепсыхащ, «шыр къыдэтхьж», - жари. Зыри имышlафэ зытритэуащ ди адэм - шэч къыхуащlауэ, ягъэIуэщхьэн мурадкlэ и ужь къихьауэ фlэкlа и гуэгьакъым. Ауэ Iуэхур нэгъуэщlу къыщlидзащ. Ди адэм и ныбжьэгъур а жэщым шэщым щlабыдат; щыхагъэзыхьым, и гъуэсым и цIэр ириIуащ. Мэзым епхауэ щиныгъ шищыр зейм яритыжьын хуей хъуащ. Ди адэмрэ мобырэ зэщlыIежьынтэкъэ - бий зэхуэхъуащ. Куэдрэ зэбгрыкъым: япэ щызэрихьэлIам ди адэм къепцIыжар иукIащ. ИукIам и Iыхьлыхэр ди адэм къещэу хуежьащ. КъаукIыну хуеятэмэ, ди адэм къызэрыджиIамкIэ, зэи тIэун хутыкъуауэ ярихьэлIат; къэрабгъафэ зрамыгъэплъын щхьэкlэ, Iэщэ къыхуагъэдэлъа хъунщ, нэгъуэщI лажьэ къращlакъым. Иужьым лIыкIыу къыхуагъэкIуащ: «Хэкум икI, утпъагъуэ ди лъыр къоплъ», - жари. Ди адэм ар идакъым, «Апхуэдэм и унафэр Iэщэкlэщ зэращlыр», - жери пIыкIэщ иутIыпщыжащ. Iэхэур щэрихьэтым и Iэмышlэ ихуащ. Ди адэм лъы уасэу итын хуейуэ ягъэуващ. Лъы уасэу итын иIэтэкъым, иIэпами, итын и мурадтэкъыми, ди адэм хэкур ибгынэн хуей хъуащ - абазэхэхэм екIуэлIащ. ЗэкIуэлIам щIымахуэм ишхын къратащ, щы хупачри, гъатхэм хуаващ, мэкъупIи къратащ.

Абазэхэ тхьэмадэхэр ди адэм ныбжьэгъу къыхуэхъуащ; хэти зыгуэркlэ къыхуэупсэрт, къыхуэгуапэт, ныбжьэгъу ящIын щхьэкlэ. НэгъуэщI гуэру щытатэмэ, нэкIи къемыплIынкIэ хъунт: хэхэсыр зи щlасэ щlыIэкъым. Ауэ ди адэр мыбдеж щыт лIытэкъым! Щlэ хуумыщlын плъэкIынтэкъым. Ди адэм хуэдэу цIыхум хэзагъэ слъэгъауэ сщlэжьыркъым. Жьакlуэт, и бзэр дахэт. Игу урихьакъэ, илъэс псокlэ къоуэршэрылIэнт, игу къобгъа уэзрызыбгъэдигъэ-хьэн щыгъэжьэкъым. И адэр пасэу фlэкIуэдри зеиншэу къэнати, арагъэнт а псом щIэзыгъэджыкIар. Зеиншэм и дуней Iыхьэр уэзмыкъуэпсэнщ. Псоми задрилъэкIун хуей мэхъу абы, хэт и къуагъи зыкъуедзэ. Уи бийми ухуэмыупсэ абыкIэ, адрейхэм ещхькъым. Куэдкlэ йоф1эжI. Сыту жьIэт? Зи сытыращи, абы гуфIэгъуи гуапагъи иIэгъуакъым; щIымахуэм лъапIэу, пцIанэу дэтащ къыхуашийламэ, аращ ишхар. КъыщаубэрэжькIи зишыIэн хуей хъурт, зэрыпэлъэщынур ищlэми. Абы илъагъурт сабий хуэпахэр, адэм зи щхьэфэм Iэ диIъэ сабийхэр; езым, кIэкуахуэу, ущхьэнтIауэ, хамэм и мафIэм зригъэурт. Илъагъурт дыжьынкIэ зэщlэблауэ уанэгум ис щlалэ щIыкIухэр; и нэпсым къызэпижьыхьауэ, езым лъэныкъуэ зригъэзырт. И жагъуэ къащlми, и гур зэпаудми, къагъэпудми, ишэчащ абы, аращ щIыху щlэхъуари. Хамэ пщIантIэм ар щесащ щIыхуэм зэрыдекIуэкIыпхъэм. Абы бгъэдыхьэпIэ зыхуимыгъуэтын щIыху къэхъунтэкъым. Ди адэр зэкIуэлIэ пщынт насыпэ къеуэлIауэ илъытэрт: и чэнджэщрэ и хабзэкIэ абы хэти пщIэ къыхуихырт. Арат ди адэм ПщIигъусэкIэ щIеджари.

Апхуэдэ цIыхур дэни щIыхозагъэ. Ар Iэнэкlэ ягъэтIысауэ плъагъункъым, дапщэщи дашэ жьантIэм. Апхуэдэ адэ тщхьэщIыти, ди унагъуэм и лъэр хамэ щIыналъэм щlэх дыдэу щIыуваш. Балигъ дыхьауэу, зэшитIыр дышэсурэ дыщежьэкlэ, уи фlэщ зэрыхъун, пщым хуэдэу ди пщIэр лъагэтэкlэ. Ди хьэщlэщlыр щIыху кIуапIэ хъунтэкъэ: Iэщэ къыщтэу шым шэс дэтхэнэри дэ къыдэкIуалIэрт. Зекlуэ кIуэнур ди деж щежьэ хуауащ.

Ди адэм мызэ-мытIэу къыджиIэгъащ къэбэрдейжэм къраха лейр бгъэгъу зэрымыхъунур: «Сэ мыгувэу дунейм сехьыжинкlэ хъунщ, - къыджиIэрейт абы, - ауэ фэ зыщымымыгъэгъупщэ фызэзрыабрэджкыр». Си шынэхъыжьыр зыщlигъуурэ ежьэрт ди адэр; си шынэхъыжьым Къэбэрдеймы Псыжьы лъагъуэ пхыдзауэ щыIэр ищlэ хуауащ: жэщу ежьами, пшагъуэ гуэрэн телъми, гъэущэнтэкъым; и нэр щlыпхами, уздыхуейм уиIэнт. Уэ пщlэ хъунщ зекIуэ щежьэкlэ пашэфIым и мыхьэнэр; ар я нэхъ хахуэм нэхъра нэхъ лъапIэщ. Хахуэм и гъуэгр егъэгушхуэ - ар хьэкъщ, ауэ пашэ Iэзэ ямыIэмэ, зи акъыл зэтес гуп ежьэнкlэм. Пашэ яхуэхъун зэрахэмытым къыхэкIыу гуп мащlэ кIуэда - ныджэм къытридза бдзэжьейуэ я мынэIуасэ щIыпIэм къинэурэ. Си шынэхъжьыжьмрэ сэрэ дызипашэ гупым апхуэдэ щlэщхъу къащащlыпнтэкъым. Дэ шынагъуэу зэдежьэкIам и Iыхьэ пщIанэ пхуэсIуэтэжми, уи фlэщ хъункъым. Сэр дыдэми си фlэщ хъужьыкрыпш, ныбжьхэпIэу си нэгу щlэкIауэщ къызэрысщыхьужьыр. Зэгуэрым, бжьыхьэ кIасэу, си шынэхъыжьымрэ сэрэ шу плIыщI урыс быдапIэм бэтшыгъащ. Бэу гуэр блэлъэта хуэдэу, шу гупыр бэтэгъеим тет плъырым Iэщlэтхащ. Зэкъым, тIэу-къым зекIуэлIхэр апхуэдэ шынагъуэ къызэриттащ. Псы икIыпIэхэм сэлэт плъырхэр Iузщ, итIани си шынэхъыжьымрэ сэрэ дызипашэ гупыр щыхъ-тыкъуа къэхъуакъым...

Яжьэм хэсу гъащlэр жьэгу щимыхьамэ, дэтхэнэ адыгэми и нэгу Iэджжэ щlэкlащ, Iэджи иIуэтэжьфынущ. Сэ пхуэсIуэтэжьнури си нэгу щlэкlащ...

Шу щэ ныкъуэ дызэрыгъэхъури, Псыжь дызэпрыкIащ зэгуэрым, къэзакъэм я лъахэм дихьэри жьыжьэ дыкIуэцlрыкIащ. Гъавэ Iухьжьыгъуэт, мэкъури зэщlакъуэжьыр. Мэз Iувым дихьэвауэ, дакIэлъоплъ мэш зых къэзакъэм. Зэхьдох я псалъэмакърэ я уэрэдхэмрэ. Ди нэхъыжьхэм я унафэм дыполлъэ, дыкъытрен: дахэлъэдамэ, лъэмбытI едгъэчыныкъым, ди Iэмышlэ къихьащ. ДызэгурыIуащ: пщыхьэщхьэхуегъэзэкI зыхьмэ, - я кIэуцlэкlэ зыкъытIэщlэзэкlащ зэтедупщlэтащ. Мэзым хэлъэдар къытфIэIуэхуакъым, къытIэрыхьар куэд хъурти. Гъэр щырыщ нэхърэ мынэхъ мащlэ кIыхуат ди Iэмышlэ - щlалэ цIыкIуэр пщащэ ныжьыщlэрэ. Дыходэ: дэтхэнэ тхьын, дэтхэнэр дутIыпщlыжьын? КIэс плIырыплI зэзуфыдыдыпIан къытхэкlащ - нэпсеиргъэм уи акъылыр пщхьэщхеу! ГупитIри дызэхуэсыжа нэужь, кIэсхэм я Iыхьэ щlанэр дутIыпщlыжьын хуейуэ чэнджэщ къыдахьэлIащ нэхъыжьхэм. Абы щlэх евэлIакъым мыдрейхэр: «Махуэ къэс дрихьэлIэркъым мыпхуэдэ, тхьэм и ди Iэмышlэ къриплъхьам дыщlелъэпуэн щыIэкъым», - жари. Дызэрызэдэуам хуэдизрэ дыпэтакъым кIэс дубыдыным. Адыгэр зыхуэдэр ноущlэ уэ. Нэхъыжьым и псалъэ зэпиудынукъым абы - мыхьэнэ зимыIэм щхьэкlэ, нэмысифIэ фэ дыдэ зытригъэзынущ, ауэ езым и фейдэ хэлъкъым, къуэнтхъыр щагъэшкlэ нэфдэгу зыщ, зегъэзэжкIи, нэхьыфIщ. И щхьэм къэсакъэ - анэм и кlэ куагъым дыгъуаэ къыкъуэкlа пэшынилэми нэхъыжьым и псалъэр Iуригъэжьфынущ, тIэу ептыныкъым. «Къуентхъ хуэмейр Iэнэщlу ирекIуэж, ар нэхъ тыншагъэ!» - зэрэтIэуэрэ сыкъыхьэгоукIащ сэ гупым. Си шынэхъыжьым сызэхихри, щlопщыр къысхуигъэдэлъ

Республикэм и Парламентым и Газетэ
Махуэ
Адыгэ Хабзэр
Мыекъопэ Іуфэ

ХэпщІыкІыу икІи псынщІэ дыдэу

Зы кризисым дыкъыхэкІмэ, адрейм дыхэхуэу къэткІуа илъэси 10-м и ужькІэ ди мэкъумэш хозяйствэм процент 35-кІэ зиужьащ.

Адрей ІэнатІэхэм я Іуэхуэр апхуэдизу фІыуэ щытакъым 2008 - 2016 гъэхэм. Промышленностыр процент 5-кІэ, транспортым процент 2-кІэ зыкъиІэтауэ араш. Хэбгъэзыхьмэ, ухуэныгъэр процент 10-кІэ ехуэхащ. НэгъуэщІу жыІэмэ, а илъэс гугъуэхэм ди экономикэм и гъэзугъэльагъэуэ щытар мэкъумэш хозяйствэрщ. Абы ВВП-м зэрыхэхъуам и зэхуэдитІыр къитащ.

Дрогушхуэ

Урысейр США-мрэ нэгъуэщІ къэралхэмрэ япэ ищащ фошыгъуэ фошыгъу жэгундэрэ къэлэжьыныжкІэ. Абы дунейм япэ увыпІэр щиубыдащ гуэдз щэныжкІэ. 2016 гъэм жэм къэс ику иту къыщІащащ щэ илограмм мин 6 - ар Франджым щахуэзэфІэкІам къызэрыкІэрыху щыІэкъым, Польшэмрэ Италиемрэ ящхьэпрокІ. Ленинград областым а бжыгъэр килограмм 8181-м щынэсащ, Германием и ехъулІэныгъэхэм (килограмм 7300-м) ефІэкІри. Областым и «Рабитицы», «Гомонтовэ» хозяйствэхэм я деж зы жэмым хуэзэу ику иту щэр килограмм мин 12 щыхъуащ. «Пазуха» зыфІащэ жэмым и закъуэ килограмм мин 19-рэ 300-рэ къыщІэкІащ. А Ленинград область дыдэм джэдыкІэ меларди 2,8-рэ къитащ - цІыху къэс 1600-рэ къыльысу. ЦІыху мелуанрэ мин 500-рэ фІэкІа щымыпсэу Белгород областым къхъуэлрэ джэдылу къыщалэжьамкІэ Урысейм япэ увыпІэр щиубыдащ.

УФ-м и щІыналъэм ерыскъыхэкІхуэ къашэр нэхъ мащІэ хьуащ - доллар мелард 23-рэ и уасэкІэ. Ауэ нэгъуэщІ къэралхэм ярищэм и уасэр мелард 19-м нэсащ. Абы ипэкІэ ди деж къашэр ирашым нэхърэ хуэди 4-кІэ нэхъыбэт. Лыуэ нэгъуэщІ щІыналъэхэм къащІыгщхуэдэ хуэди 3-кІэ, къэзыгъэ дагъэм хуэди 2-кІэ, гъэшым - проценти 10-кІэ кІэрыхуащ.

Мэкъумэш хозяйствэм и зыужьныгъэм нэхъыщхьэу хэпльагъуэр а ехъулІэныгъэ псори гъавэ щІалІэхэм зрагъэубГыукІэрэ е Іэщ бжыгъэм хагъахъуэкІэрэ къызэрымыкІуарщ - псори зи Іэужьыр лэжьыгъэм къит хъерыр къызэралІэтарщ. Апхуэдэу къыхэгъэщыпхъэщ адрей ІэнатІэхэм нэхърэ мэкъумэш хозяйствэм инвестицэу халъхьар зэрынэхъ мащІэр. Лэжьакъуэхэм я бжыгъэм кІэрыхуащ, ауэ лэжьыгъэм къит хъерым процент 39-кІэ зиІэтащ. Къуажэм хуэдэ 1,5-кІэ нэхъ мащІэ щыхъуащ хэщІыныгъэ яІэу щылажьэ Іуэхущ1анІэхэр. Ахэр зэрыхъужьыр процент 18,7-рэщ, абы щыгъуэми, зэрыщыту экономикэм а бжыгъэр процент 28,1-рэ щохъу.

Мэкъумэшыщ1эм и гъащ1эр

Ди екъулІэныгъэхэр псом яІэу къыщыхэкІар нэгъуэщІ къэралхэм кърашэр зэзыхъуэкІынуэр езыхэм дгъэхьэзырыж зэрыхъуарщ, Евросоюзымрэ США-мрэ етщэхэр зэрыдгъэмэщІарщ. ЕтІуанэрауэ, къэралым мыльку кІэ деІыгъ мэкъумэш хозяйствэм и ІэнатІэ щхьэхуэкІэр: кІыІаха кредитхэм ящыщ Іыхьэ ятыжыркъым - 2015 гъэм а бжыгъэр сом меларди 175-рэ хъуащ. Ещанэрауэ, езыхэр нэхъ лъэ быдзкІэ увын папщІэ мэкъумэш Іуэхущ1анІэхэм кредитхэр нэхъыбэу къагъэсэбэп: сом триллионитІ е продукцэу яГъэхьэзырам и уасэм и процент 80-р щІыхуэу къащтащ.

АрщхьэкІэ илъэс гъуэнэгъуэхэм санкцэхэр щыхъщ1ахьыжьину къыщІэкІынущ. ИтІанэ щІыхуэзыхуэ зытелъхъэм я дежкІэ нэхъ гугъу хуэнущ кредитыщІэхэр къыІахыныр. ЕфІэкІуэныгъэр апхуэдэу зэтриІыгъэнущ жьы хъуа техникэми.

2008 гъэм къыщыщІэдзауэ мэкъумэшхэкІэмрэ ІэщхэкІэмрэ я уасэхэм зэрызаІэтар процент 61-кІэщ, абы щыгъуэми промышленность ІэнатІэм процент 89-кІэ щыхэхъуащ, зэрыщыту инфляцэр процент 113-м нэсащ. Апхуэдэу дегъэгъазэ къуажэдэхэм яІэрыхьэр зэрымащІэм (2016 гъэм мазэм хуэзэ курыт лэжьапщІэр зэрыхъуар сом мин 21,4-рэщ, абы щыгъуэми ар Урысейм сом мин 36,7-м щынос). А псоми кІуэ пэтми гулъэф ящынущ мэкъумэш хозяйствэм и зыужьныгъэр.

Абы къыхэкІыу зэрыщыту экономикэми хуэдэу мэкъумэш хозяйствэм щызэрахъуэкІын хуейщ мыбы щрагъэкІуэкІ политикэр. Ар къегъэув цІыхухэм, псом япэу къулейсызэм ирагъэшхьи и фІагъыр къэІэтын зэрыхуейми. Зызыужьа къэралхэм дэ дакъыкІэроху зы илъэсым лыуэ тІшхыр зыхуэдизымкІэ. Европэм килограмм 20-кІэ, США-м килограмм 40-кІэ. Гъэшымрэ гъэшхэкІымкІэ килограмм 20 - 30-кІэ, хадзэкІхэмкІэ хуэдэ 1,5-кІэ яужь дитщ. А псоми бжыгъэ курытщ. Ди деж цІыхухэм я проценти 10-р щыкъуулейсыз дыдэщ. ЦІыху мелуан 14,6-м ерыскъыхэкІхэм трагъэкІуадэр хуэди 6-кІэ нэхъ мащІэщ нэхъ къулей дыдэ проценти 10-м нэхъ-рэ. Абыхэм гъэшрэ джэдыкІэу къащІахуэр хуэди 10-кІэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ бдзэжьейуэ хуэди 8-кІэ, хадзэкІхэу хуэди 6-кІэ нэхъ мащІэщ. Абы щыгъуэми унагъэ кулейсызэхэрщ бын куэд зиІэр. Сабийхэм яГъэтырыркъым зыхуеинум хуэдиз ерыскъы.

Дэ хэдгъэхъуэн хуейщ мэкъумэш хозяйствэм къитым, псом хуэмыдэу гъэшу, быльмылу къэдлэжьым. Ахэр мылькушхуэ зытекІуадэ ІэнатІэхэщ. Абы къыщыхъуэжаныкІахэщ КъБКъУ-м Декоративнэ-Іэрыщ1 гъуэзджэмкІэ и кІудамэм и студентхэу Куэтэншы Темирлан (1, 2-нэ увыпІэхэр къыщихьащ), Биттиевэ Фаридэ (2-нэ увыпІэр хуагъэфэщащ), а ешхапІэр къэзыуха Тохъу Хьэсэн кърагъащ 2-нэ увыпІэр.

АГАНБЕГЯН Абел,
Урысейм Щ1эныгъэхэмкІэ и Академием и академик.
«Аргументы и факты»

● Гъуэгу къежьапІэ

Дунейпсо зэпеуэм къыщыхожаныкІ

Иджыблагъэ Москва щекІуэкІа «Урысейм гъуэзджэмкІэ и тхъэмахуэ» XXII Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-зэпеуэм къыщыхэжаныкІащ КъБКъУ-м и студентхэр.

НЫБЖЫЩІЭХЭР зэхьэзэхуащ живопись лІэужьыгъэхэмкІэ, щэхІэхэр зэІущэнымкІэ, графикэмкІэ, скульптурэмкІэ, декоративнэ-Іэрыщ1 гъуэзджэхэмкІэ. Гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьащ Урысеймии хамэ къэралхэми ящыщ суэрэтыщ1, суэрттех, скульптор, дизайнер щ1эрыІуэхэм я Іэдакъэщ1экІхэр. УФ-м и Суэрэтыщ1хэм я союзым, жылагъуэ, творческэ зэгуэхьныгъэхэм хэтхэм кьалъытащ ныбжьыщ1эхэм я зэфІэкІыр.

КъБКъУ-м и гъэсэнхэм жыджэру зыкъыщагъэлъэгъуащ дизайнымрэ декоративно-Іэрыщ1 гъуэзджэмрэ хухаха Іыхьэм. УнэтІныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ абы къыщыхэжаныкІахэщ КъБКъУ-м Декоративнэ-Іэрыщ1 гъуэзджэмкІэ и кІудамэм и студентхэу Куэтэншы Темирлан (1, 2-нэ увыпІэхэр къыщихьащ), Биттиевэ Фаридэ (2-нэ увыпІэр хуагъэфэщащ), а ешхапІэр къэзыуха Тохъу Хьэсэн кърагъащ 2-нэ увыпІэр.

ТАБЫЩ Динарэ.

● Студент гъащІэ

Узыншагъэр зыгъэбыдэ дерсхэр

Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Хьэбэрдей-Балъкъэр къэралым университетым мы махуэхэм щокІуэкІ студентхэм я узыншагъэр гъэбыдэным хуэгъэпса дерсхэр. Университетым и пресс-ІэнатІэм и пэжьакІуэ Солгаловэ Наталье хьыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, Узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу яубла зэхуэзэхэр ирегъэкІуэкІ КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ институтым и кафедрэм и унафэщІ, физиолог, нейропсихолог, геронтолог цІэрыІуэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт КъуэщІысокъуэ Александр БетІал и къуэм.



КъуэщІысокъуэ Александр

СТУДЕНТХЭМ ядригъэкІуэкІ япэ дерсым къриубыдэу КъуэщІысокъуэм ахэр щыгъуазэ хуищІащ узыншэу упсэун папщІэ узытетыпхъэ хабзэхэм. Абы зэрыжиІэмкІэ, спортыр, Іэпкъльэпкъым и кІабзагъэр, псэ къулеигъэр, гулъытэ зыхуэщІыжныр - ахэр узыншагъэм, гъащІэ кІыхьым я лъабжьэщ. ЩІэныгъэлІым студентхэр къыхуриджащ физиологие и лъэныкъуэкІэ ябгъэдэлъ Іэмалхэр нэсу кІыхьэрагъэсэбэпыным. Апхуэдэуи яжриащ узыншэу псэуным и щэху зыбжанэ: ерыскъы къабзэтъабзэ, зэмылІэужьыгъуэ шхын, ауэ емыгъэлеин, псы къабзэ ефэн, Іэфыклікэр гъэмэщІэн, физкультурэмрэ спортымрэ Іэпэгъу щІын, лэжьыгъэм щемыгъэлеяуэ и чэзум зыгъэпсэхун, сыхьэти 8 хуэдизкІэ жеин, фадэм, тутыным защьыдзеин, акъылыр фІым, дахэм теухуауэ псэун, цІыхухэм фІыуэ яхущытын, губжьрейуэ щымытын, гъащІэр, дунейр фІыуэ лъагъун.

Кьынэмыщ1ауэ, КъуэщІысокъуэр щІалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ массажым сэбэпынагъуэ хэлъым.

КъуэхэдгъэщІынщи, Александр и чэнджэщхэр куэд дыдэ хъуркъым, арщхьэкІэ абыхэм тетщ узыншагъэр фІыгъуэу, мылъку нэхъыщхьэу къэзылъытэ цІыху минищхэр. Физиолог Іэзэр хущІокъу апхуэдэ и гъэсэнхэр нэхъыбэж зэрищынум. Араш и дерс щхьэпэхэр щІригъэкІуэкІыр.

КЪАРДЭН Маритэ.

ЗэІусэ мыхъуэхэр

«ЩІалэгъуалэ дыгъэлым» къэралым и лъэр щІеуд

Абыхэм щрагъэлей гъуэгухэмрэ ресторанхэмрэ. КъыпщІэкІиенкІэ хъунущ: «Уэ пщІэрэ сэ сызикъуэр?» Тыню быдэу хабзэр къызэрауд, цІыхухэр ягъэпуд, ящІар псоми ирагъэлъагъужьи папщІэ Интернетым иралъхьэ.

2016 ГЪЭМ автомобиль лъапІэхэмкІэ куэдрэ къызэджахэщ. Гъатхэрэм Нева проспектым зыкъизых апхуэдэ машинитІым аварие къыщагъэхъуащ. Челябинск щыщ хьэрычэтыщІэм и къуэ и «иномаркэр» автомобиль 17-м а щыпІэм щыжьэхигъэуащ. УФ-м спортымкІэ и министру щытам и къуэм и «Буммер» машинэ лъапІэр Подольск кьалэм и автобус къэувыІэпІэм тригъэлъэдащ. Саийхэм кьащхьащыжьыным и махуэр щагъэлъапІэм, автомашинэр зегъэкІуэнымкІэ хуитыныгъэм пагъэкІа ныбжьыщІэм Мэзкуу кьалэ ДПС-м и инспекторыр щриудащ.

Апхуэдэ бзаджэнаджагъэхэм ирогушхуэ. Интернетым къыщызэрагъэпэщащ «ЗэІусэ мыхъуэ сабий кьулейкэм я гъащІэр» зэгухэныгъэ. Абы нэхъыбэ дыдэу узыщрихьэлІэр мыпхуэдэ псалъэхэмк: «Дэ дытеубжьытхащ законым». Кьралъхьа сурэтым щыдольагъуэ «Арбат»-м и лъэсырыкІуэ лъагъуэмкІэ «Фэ фІыуэ флъагъуэр боулингыр?» псалъэхэр зытетха машинэр зэрырихэр.

Воронеж щыщ цІыхубз кьулейм и машинэр зы сыхьэтым километри 145-рэ и псынщІагъуэу здиГъажэм, «зебра»-м и деж «Редисон Славянская» хьэщІэщым и пщафІэ нэхъыщхьэр, зи ныбжь хэкІуэта лІыжьыр, щриудащ икІи ар зэрыпІауэ метр 300-кІэ ильэфащ. Автомобилым исар щІэпхъужьну хэтащ...

Сыт атІэ хабзэм ищІэр? Миасс и кьалэ судым унафэ ищІащ губернаторым и кьегъэблагъэпІэм и унафэщІым лъэс зэпрыкІыпІэм деж школакІуэ хьыджэбз цІыкІур щезыгъэукІа и къуэм ильэситІыр колоние-къуажэм щигъэкІуэну. «Газпром» компаниием и кьудамэм и унафэщІхэм ящыщ зы и къуэр Волгоград къыщыувыІэхэкъым, зы сыхьэтым километри 140-рэ и псынщІагъуэу ар здэкІуэм лъэс зэпрыкІыпІэм деж щІалэ щриуда пэтми. Иужьрейр кьыхуегъэлынут, арщхьэкІэ «дыгъэлъэ» зыхущІэкъуар езым къыщхьэщыжьынухэр кьиІулъхьэнущ. ЦІыху Іэщ1экІуэда пэтми, ильэси 2,5-р колоием щигъэкІуэну тезыр тралъха кьудейщ.

«Бын дыгъэлхэр» нэхъыбэу зэрыгушхуэр автомобиль лъапІэхэрщ. Зы сыхьэтым километр 312-рэ и псынщІагъэшу машинэр щагъэкІуэкІэ, шампанскэ ефэныр зэбгъапщэ хъун щымыІэ лІыгъэу кьащохьу. «Кабриолет»-м иса щІалэхэм сом минитхуу зэкІэрыт тхьилъмпІэ ахъшэхэр «Арбат»-м зэрыщыгъэбградзар кьэзыгъэльагъуэ видео щыІэщ. Псом нэхърэ нэхъ тельыджэу зытрегъэу Хабаровск щыщ мелардырыбжьм и кІуэрылъху Мамурин Григорий. Ильэс 16 фІэкІа зи мыныбжь щІалэм мурад ищІащ къэгъащІагъэ Іуэхущэ ящІар видеокІэ трихыну: хьыджэбзхэр ирихулІащ езыхэм я гъуэнщэдж щІагъащІэлъхэмкІэ машинэр ятхьэщІыну, гъуэгурыкІуэхэм яхуигъэльэгъуащ я щхьэхэм къыщыщІэдзауэ я лъакъуэхэм нэсыху помидорыпс зытракІэмэ сом мин тхуритху яритыну, ижькІэ щІыкъухэу гуэр кьигъэдэІуащ и гъутхьэпс ирифыжьину (пэжщ «хигъэзыхьам» иужьым зэрызусысымыжамкІэ псы зэхэщІащ и Іупэ хуихьар)...

«ЗэІусэ мыхъунухэр» нэжэгужэщ, ящІэ псори кьаззрыхуэгъум щогуфІыкІ...

«Аргументы и факты».

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Абы дегъэпІейтей

● Щ1ыпІэ телъыджэхэр

Сейгантодзи тхъэелъэІупІэр Японием пасэ зэман лъандэрэ къыдекІуэкІ хабзэм тету ауха унэ дахащэщ, къатищу зэтету. Ар хуабжьу йокІу зращ1ыхьа щ1ыпІэм. А тхъэелъэІупІэм и гъунэгъущ Японием щ1ынэхъ лъагэ дыдэ (метри 133-рэ) псыкъелъэр.

● Дэнэ сыт къыщ1ыхъуа?

Псэлъыхъухэм я пІэкІэ

Мэзкуу и банкхэм ящыщ зым и корпоративым фадэ хэлъхьыхьауэ птулъкІищ щІэзыхыну хэта хъыджэбзитым яхуэгъэзэа уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

КЪАУГЪЭР нэгъабэ къыщыхъащ гуфІэгъуэр щекІуэкІа къалащхьэ хъэщІэщхэм ящыщ зым. Ягъэжьуанщэкр банкым щылажьэртэкъым. Корпоратив къыззрызэІуахам теухуа хъыбарыр абыхэм компьютеркІэ къащІащ. Ахэр абы кІуэщ, цІыхухэу дахэхэр икІи къулейкэр зрагъэщІыхуэн мурадкІэ. АрщхьэкІэ я Іуэху къикІакъым. Апхуэдэу щыхъуи, мурад ящІащ фадэ къадыгъуну.

Зэныбжьэгъуэхэр хущІэкъуащ шампанскэ птулъкиитІрэ зы виски абджэ къыщІахыну. Псори зэхэту «къажьунщІам» и уасэр сом мини 2,5-м зэрыщІигъу щыІэкъым. Ахэр яубыдащ. Иджы зэрагъэкъуанщэ статьяхэмкІэ ильэси 7-м щигъуэкІэ яГъэтІысынкІэ хъунущ.

МАХИНЭ Анастасие.
«Российская газета»

● Осетие Ищхъэрэ

ИщхьэкІэ къащ1ыдоІэпыкъу

«Спартак» республикэ стадиониу къэгъэщІэрэщІэжьыным теухуауэ лъэныкъуэкІ сом мелуан 60 трагъэхІуэдэнущ, абы щыгъуэми сом мелуан 50-р федеральнэ бюджетым къыхэкІынущ.

РСО-АЛАНИЕМ и Правительствэм и Унафэщ1 Тускаев Таймураз и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, зэпеуэпІэр дахэ дыдэ хъунущ.

- Республикэм топ джэгуплІэкІр щегъэфІэкІуэн хуейщ. Абы къыхэкІыу зы дыхьэхьащ Урысейм Спортымкіэ и министерствэм къызэригъэпэща федеральнэ программэмкІэ. Губгъуэщ1эхэр Владикавказ и мызакъуэу къуажэбгъуэкІи щыуэкІн хуейщ, - къыкиГъэщхьэкІащ къуэлыкъущІэм.

«Спартак-Владикавказ» футбол клубым и Іэтащхьэ Секинаев Юрий зэрыжиІамкІэ, етІуанэ дивизионым и «Илщэ» зонэм щыджэгу республикэ командэм щІынапІэм и кьалащхьэм щригъэкІуэкІ зэІуущІэхэм щІыху куэд юкІуалІэ. Мы гъэм ахэр нэхъыбэ хъуну щогугъ.

СТРЕЛЬЦОВ Андрей.
«Российская газета»

● Гъуэгу къежьапІэ

Дунейпсо зэпеуэм къыщыхожаныкІ

Иджыблагъэ Москва щекІуэкІа «Урысейм гъуэзджэмкІэ и тхъэмахуэ» XXII Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-зэпеуэм къыщыхэжаныкІащ КъБКъУ-м и студентхэр.

НЫБЖЫЩІЭХЭР зэхьэзэхуащ живопись лІэужьыгъэхэмкІэ, щэхІэхэр зэІуущэнымкІэ, графикэмкІэ, скульптурэмкІэ, декоративнэ-Іэрыщ1 гъуэзджэхэмкІэ. Гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьащ Урысеймии хамэ къэралхэми ящыщ суэрэтыщ1, суэрттех, скульптор, дизайнер щ1эрыІуэхэм я Іэдакъэщ1экІхэр. УФ-м и Суэрэтыщ1хэм я союзым, жылагъуэ, творческэ зэгуэхьныгъэхэм хэтхэм кьалъытащ ныбжьыщ1эхэм я зэфІэкІыр.

КъБКъУ-м и гъэсэнхэм жыджэру зыкъыщагъэлъэгъуащ дизайнымрэ декоративно-Іэрыщ1 гъуэзджэмрэ хухаха Іыхьэм. УнэтІныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ абы къыщыхэжаныкІахэщ КъБКъУ-м Декоративнэ-Іэрыщ1 гъуэзджэмкІэ и кІудамэм и студентхэу Куэтэншы Темирлан (1, 2-нэ увыпІэхэр къыщихьащ), Биттиевэ Фаридэ (2-нэ увыпІэр хуагъэфэщащ), а ешхапІэр къэзыуха Тохъу Хьэсэн кърагъащ 2-нэ увыпІэр.

ТАБЫЩ Динарэ.

● Студент гъащІэ

Узыншагъэр зыгъэбыдэ дерсхэр

Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Хьэбэрдей-Балъкъэр къэралым университетым мы махуэхэм щокІуэкІ студентхэм я узыншагъэр гъэбыдэным хуэгъэпса дерсхэр. Университетым и пресс-ІэнатІэм и пэжьакІуэ Солгаловэ Наталье хьыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, Узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу яубла зэхуэзэхэр ирегъэкІуэкІ КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ институтым и кафедрэм и унафэщІ, физиолог, нейропсихолог, геронтолог цІэрыІуэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт КъуэщІысокъуэ Александр БетІал и къуэм.

КъуэщІысокъуэ Александр

СТУДЕНТХЭМ ядригъэкІуэкІ япэ дерсым къриубыдэу КъуэщІысокъуэм ахэр щыгъуазэ хуищІащ узыншэу упсэун папщІэ узытетыпхъэ хабзэхэм. Абы зэрыжиІэмкІэ, спортыр, Іэпкъльэпкъым и кІабзагъэр, псэ къулеигъэр, гулъытэ зыхуэщІыжныр - ахэр узыншагъэм, гъащІэ кІыхьым я лъабжьэщ. ЩІэныгъэлІым студентхэр къыхуриджащ физиологие и лъэныкъуэкІэ ябгъэдэлъ Іэмалхэр нэсу кІыхьэрагъэсэбэпыным. Апхуэдэуи яжриащ узыншэу псэуным и щэху зыбжанэ: ерыскъы къабзэтъабзэ, зэмылІэужьыгъуэ шхын, ауэ емыгъэлеин, псы къабзэ ефэн, Іэфыклікэр гъэмэщІэн, физкультурэмрэ спортымрэ Іэпэгъу щІын, лэжьыгъэм щемыгъэлеяуэ и чэзум зыгъэпсэхун, сыхьэти 8 хуэдизкІэ жеин, фадэм, тутыным защьыдзеин, акъылыр фІым, дахэм теухуауэ псэун, цІыхухэм фІыуэ яхущытын, губжьрейуэ щымытын, гъащІэр, дунейр фІыуэ лъагъун.

Кьынэмыщ1ауэ, КъуэщІысокъуэр щІалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ массажым сэбэпынагъуэ хэлъым.

КъуэхэдгъэщІынщи, Александр и чэнджэщхэр куэд дыдэ хъуркъым, арщхьэкІэ абыхэм тетщ узыншагъэр фІыгъуэу, мылъку нэхъыщхьэу къэзылъытэ цІыху минищхэр. Физиолог Іэзэр хущІокъу апхуэдэ и гъэсэнхэр нэхъыбэж зэрищынум. Араш и дерс щхьэпэхэр щІригъэкІуэкІыр.

КЪАРДЭН Маритэ.

Шэджэмыр токІуэ

Налшык и «Ладья» клубым шашкэ джэгуныкІэ щыІэпеуэащ школакІуэхэмрэ щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт ІэнатІэхэм я гъэсэнхэмрэ.

САБИЙ зеинщэхэм ядэІэпыкъу «Наследие» фондым кьадиІыгъыу екІуэкІа республикэпсо чемпионатым командэ зачетымкІэ бжьыпэр Шэджэм дэт №91-нэ курыт еджапІэм и шашистхэм яубыдащ. Класс щІыб щІэныгъэхэкІэ ІэнатІэхэм я зэпеуэм япэ увыпІэр щыІэныгъэхьащ Шэрэдж щІынапІэм.

Я закъуэу щІыпІэуэм фІым я фІыжу зыкъагъэлъэгъуащ Шэджэм дэт курыт школ №91-м щеджэхэу МафІэдз Саидрэ (5-нэ класс) Жылэ Аделинэрэ (6-нэ класс).

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур мэлыжьыхьым и 29-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленным и уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІынатъэ Іуэхущ1анІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту атхащ.
Газетым Іэ щытрадзэр сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.711
Заказ №511